ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№67 (24.037) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и социальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ я Іэщіагъэм епха махуэшхуэмкІэ

«Си гум къыбгъдэкІыу я мэхэшхуэмкІэ сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм.

Фыщіэшхуэ зыпылъ къалэныр - цІыхум гулъытэ хуэщІыныр - къыхэзыхауэ щІэгъэкъуэн хуэныкъуэхэм махуэ къэс ядэІэпыкъу фэ ІуэхуфІхэр зэфывогъэкІ цІыхухэр къэкІуэну махуэм гушхуэнагъэ яхэлъу Іущіэным, абыхэм я гъащІэр щыз хъуным хуэунэтІауэ.

ФыщІэ фхузощІ фи къалэным фызэрыхуэпэжым, хьэлэлу фызэрылажьэм, фи Іэщіагъэм фІыуэ зэрыхэфщІыкІым папщІэ.

ЩІхьэхуэу фЫщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ ди волонтёрхэм - мы зэман гугъум социальнэ хьэлъэ куэд зи пщэм къыдэхуахэм.

ЦІыхухэм защІэгъэкъуэным зи гъащІэр тыхь хуэзыщІа псоми си гум къыбгъдэкІыу сынывохьуэхъу узыншагъэ, кьару, зэІуэпэщыгъэ фмІэну, щыІэм я нэхъыфІыр къывэхъулІэну! - дыкъыщоджэ КъБР-м и Іэтащхьэм «Instagram»-м щиІэ напэкІуэцІым ит хъуэхъум.

## КІуэкІуэ Казбек республикэм и щІыналъэхэр къыззэхекІухь

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ къыззэхикІухьащ республикэм и щІыналъэ зыбжанэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщым зригъэлъэрГуащ Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м мы зэманым къамыгъэсэбэп и унэмрэ абы кьедза щІыпІэмрэ я щытыкІэр. КІуэкІуэ Казбек КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам и гъусэу тепсэлъыхьащ мы щІыпІэм иджырей зэманым кьезэгъ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр щыхуэхъунымкІэ, апхуэдэуи республикэм узыншагъэр хъумэн и Іэнатіэм адэкІи зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр иужькІэ щыІащ республикэм и щІыналъэхэу мэкъуауэгъуэм и 3-м уэ щІэту къешха уэшхыщхуэм и зэран зэкІаХэм.

Прохладнэ, Май, Бахьсэн щІыналъэхэм, Прохладнэ къалэм дуней къэхъукъащІэ шынагъуэм хэщІыныгъэшхуэ яритащ. Республикэм и Унафэщым КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэн щІыгуу зригъэлъэгъуащ уэм икъута мэкъумэшщІапІэхэр. Мы зэманым комиссэм къепщытэ Іуэхущ1апІэхэм хэщІынигъэу ягъуэтар зыхуэдизыр.

Прохладнэм и Іэтащхьэ Тараев Игорь республикэм и Іэтащхьэм къыхуиІуэтащ къалэм уэлбанэзшхуэм куэд зэрыщІэзэтрикъутар. КІуэкІуэ Казбек апхуэдэу щІигъаззэ зищІащ Прохладнэ къалэм дэт щІыналъэ клиникэ сымаджэщым и щІыбыр зэрызэрагъэпэщыщ щІыкІэми. Абы мы зэманым щыІэщ коронавирус зэфыкІхэм щеІззэ ещанэ сымаджэщыр. Лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэсащ, мыгувэу псори яухынущ.

Республикэм и муниципалитетхэр къыщыззэхикІухьым республикэм и Іэтащхьэр щыІащ Прохладнэ щІыналъэм хыхьэ Солдатскэ станицэм ныбжьыщІэ 250-м ятещІыхьауэ щащІ школыщІэм, ухэзыгъэр здынэсар зригъэлъэгъуащ. Апхуэдэу зыщІплъыхьащ Бахьсэн къалэм щащІ, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым, абы и Іуэху зыІутхэм щІэупщІащ. Спорт центрыр къалэм и парк нэхъыщхьэм хиубыдэу щытынущ. Ар щІыным кьалэдэсхэр мызэ-мытІуэ къыщІэлъэІуауэ щытащ, иджы ар хуагъэззэщІэным яужь итщ.

Курыт еджапІэщІэмрэ спорт комплексымрэ я ухуэныгъэр дызэрыт илъэсым и кІэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

**Щіы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэхІыу нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м* *№115-ПП* *Налшык къалэ*

Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2020 гъэм щІышылэм и 30-м №55-1.1.12/411-м, №55-1.1.12/412-м щІэту къыгъэхьа лъэІуэхэм хэпльауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «Щіы-хэр е щіы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхукіэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м я щащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япсэ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевидеенэм, информатикэм хухах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуащІ мурад убзыхуахэм хуэзрахьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгуъзэнатІэ 11541-рэ, метр зэбгъуэзнатІэ 4058-рэ хъу, 07:04: 100000:40, 07:04:4500000:370 кадастр номерхэр зиІэ, Солдатскэ ст. къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэхэм хиубыдэ щІы Іыхьэхэр.

2. Мылькур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІы-Іэм чэнджэщ етын Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

**Бекиевэ Ларисэ Ахъмэт и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ и министерствэм хъыбарегъащІэ-аналитикэ Іуэхуэмкіэ и департаментым и унафэщІым

**Вэрокъуэ Ларисэ Хьэзрэталий и пхъум** - «Налшык къалэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэм Іэнатіэ яІэнымрэ социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм социальнэ ахъшэхэр, компенсацэхэмрэ пособиехэмрэ зыхухахэм етыныкІэ и къудамэм и унафэщІым

**Иуан Светланэ Мухьэмэд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ и министерствэм къегъэщІылІа «Сабийхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ-щеІззэ «Лэгъупыкъу» республикэ центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм производствэмкІэ и унафэщІыр

**Красильниковэ Зое Валентин и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщІыжынымкІэ и министерствэм псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат пщІэр ятын папщІэ цІыхухэм хухах субсидиехэр зыхуэфащэхэм яІэрыхьэжынымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ пажэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м*
*№63-УГ*

**Лъэпкъ медицинэмкІэ палатэм и президент РОШАЛЬ Леонид:**

## Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр и лъабжьэу узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и къэкІуэнур дывгъэубзыху

- Узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм и зэхэлъыкІэр икІи унэтІыныгъэ псоми я къалэныр зэрыдубзыхыным дыхущІэкъуащ, хэт сыткІэ жэуап ихьми кьыдгурыІуэн папщІэ. Правительствэр, УФ-м и субъектхэр, хэгъэгухэр, муниципальнэ къыззгъэпэщыныгъэхэр, нэгъуэщІхэри къыззэщІедгъэубыдэу. Мы-хьэнэшхуэ иІэщ щІыхухэм я узыншагъэмкІэ яхь жэуаплныныгъэмкІэ упщІэхэр зэрыззхэдгъэкІами медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и фІагъымрэ ар щІыхухэм хуиту ягъуэтынымкІэ къэралым ихь жэуаплныныгъэр зыхуэдэр къыззрыдгъэлъэгъуами.

**- ГъащІэ узыншэ екъэкІыным теухуа Іуэхур къыззгъэпэщыныр хабзэкІэ щІэгъэбыдын хуейуэ ара-тІэ? Ар Іэмалышэу зэрыщытыр щІыхухэм къагурыІуэркъэ? Хьэмэрэ ар щІыху къэс и щхьэ Іуэхуу щыткъэ?**

- Си гугъэмкІэ, къагурыІуэркъым. Сэ сызэреплъымкІэ, гъащІэ узыншэ екъэкІыныр - ар къэралым и нэІэ щІэтын хуей Іуэхущ, абы щхьэкІэ щытыкІэ тэмэм къахуэзригъэпэщу. Апхуэдэ дыдэуи дэтхэнэ зы щІыхуми абы гулъытэ хуищІыпхъэщ.

**- Пандемием медицинэм щыІэ гугъуехь куэдыр наІуэ къишІащ.**

- Сэ сызэргупсысымкІэ, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм и къэкІуэнур а Іуэхум къыхэтха дерсхэр и лъабжьэу ухуэн хуейщ. Пандемием гу зылъыдигъэта ныкъусаныгъэ псори абы къыхэтлъытатхъэщ. Сэ икъукІэ сыхуейт а зэхъуэкІныныгъэхэр зэрыхъукІэ нэхъ псынщІэу къэтщтэну.

**- Уэ дауэ уеплърэ, иджыпту дыззрыт щытыкІэм ІэІэтыр егъэкІуэкІыныр щынагъуэнш?**

- НтІэ. Иджыпсту щытыкІэр къыщхьэщокІ мазэ ипкІэ дызэрытам. ЖыпІэ хъунущ язныныкъуэ хэгъэгухэм эпидемиер нэхъ къыщытІэсхъауэ. Щэч къытесхьэркъым, зыхуеину щынагъуэнщагъэр къыззгъэпэщмэ, ІэІэтыр зэрегъэкІуэкІыфынум.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.**

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

## Республикэм щыщыІэ щытыкІэр зыхуэдэр къапщытэ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм я зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.**

ЗЭІУЩІЭМ хыхьэ «Правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ коронавирус уз зэрыщІалэм республикэр зригъэува щытыкІэ гугъум, медицинэ Іуэхущ1апІэхэр я лэжьыгъэм зэрыпэлъэщым, сымаджэхэм я узыр щхьэщыз1ых дохутырхэмрэ абыхэм ядэлажьэхэмрэ я улахуэм дыщІагъуну ахъшэр зэрыратым.

Егоровэ Татьянэ медицинэ лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ:

- Сымаджэхэм ядэлажьэ псоми езыхэм я узыншагъэмрэ гъащІэмрэ щымысхэу цІыхухэм зэрадэІэпыкъум папщІэ фІыщІэ ин яхузощІ. Ахэращ нобэ псом нэхъ-рэ нэхъапэу коронавирусым пэщІэтыр.

Къызэхуэсахэм щытыкІэр яхуэзэпкърихыу къепсэлъащ Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщхьэныкъуэ щІыхум зэІуэзэпэщ псэукІэ къыхуэзгъэпэщынымрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплънынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жыраслъэн. Абы жиІащ коронавирус узым нэхъри зимыубгъун папщІэ Іуэхугъэ хэхахэр зэрыбагъэкІуэкІар, хамэ къэралхэм къикІыжахэм махуэ 14-кІэ медицинэм и лэжьакІуэхэр зэрыкІэлъагъэплъыр.

ИджыпстукІэ республикэм эпидемиологие щытыкІэр щызэпІэззэрытщ, зыщыпІи цІыхухэр хуабжьу щызэрыщІалэркъым.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Къалэбатэ Рустам къызэхуэсахэм яжриІащ сымаджэ хъуахэм я узыр къызэрыщытэ, зэрагъэхъуэ щІыкІэхэмрэ ирахьэлІэ хущхьуэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщар, гъуэлъапІэхэмрэ дохутырхэм я щыгъынхэмкІэ я Іуэху зыІутыр.

НобэкІэ коронавирусыр къызэпкърыхьахэр сымаджэщи 5-м щагъэхъуж, абыхэм гъуэлъапІэ 991-рэ щІэтщ, абыхэм ящыщу 574-м кислород йокІуалІэ. КъишынэмыщІауэ, иджыри гъуэлъапІэ 200 щыІэщ, нэхъыфІхъужахэмщакІэлъапІлу.

Апхуэдэу республикэм щолажьэ Ковид-19 узыр зыпкърыт бзылъхугъэ уэндэгъуэхэмрэ ОРВИ-р къызэуэлІахэмрэ папщІэ акушер отделенэхэр. Цыху 50 зыщІэхуэ обсерваторыим и бжэхэр зэІухащ. Сымаджэ хъухэм папщІэ къызэгъэпэщын хуейуэ УФ-м Узыншагъэмкіэ и министерствэм къигъэув мардэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым проценти 114-кІэ гъэзэщІа щохъу.

Дохутырхэм я улахуэм дыщІагъу ахъшэм Къалэбатэр щытепсэлъыхьым, кьызхигъэщащ абыхэм хуаутІыпща ахъшэр мэкъуауэгъуэм и 3-м ирихьэлІэу сом мин 267961,8-рэ зэрыхьуар, ар федеральнэ, республикэ мылъкум къызэрыхэкІар. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр щыІэм и 3-м ирихьэлІэу сом мин 267961,8-рэ зэрыхьуар, ар федеральнэ, республикэ мылъкум къызэрыхэкІар. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр къызэрыгуэкІ сымаджэхэр щІагъэзэуалъхьэу хъужьным зэрыхуэхьэзырым.

Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ дызэрыт щытыкІэм ипкъ иткІэ, хабзэм теухуауэ пІэпощхьэпо щыІэрэ щымыІэрэ. Абы и жэуапу Къалэбатэм жиІащ апхуэдэ гуГуэхь зэрыримыхьэлІар.

- Иджыпсту нэхъыбэу сымаджэ хъухэр дохутырхэм къагъэува жыпхъэхэм темытхэр, егупуу зыхуэмысакъыжхэр аращ. Абы къыхэкІыу, депутатхэри, адрей къулыкъущІэхэри цІыхухэм епсэлъэн хуейщ нэхъ зэгугъужу, зыкІэлъыплъыжу щытыным теухуауэ, - жиІащ Егоровэм.

ЗэІущІэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ федеральнэ законхэм я проект зыбжанэм, УФ-м и хэгъэгу зэмылІэужьыгъэхэм къикІ хабзэубзыху жэрдэмхэм. КъищынэмыщІауэ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм пэрыт Іэщ1агъэлІ зыбжанэ КъБР-м и Парламентым и Щіыхь тхьилъкІэ яГъэпэжну къызэдащтащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## Къыхэхъуар мащІэкъым

КъБР-м Коронавирусым зыщІиубгъуным пэщІэтыныкІэ Оперативнэ штабым къызэритымкІэ, мэкъуауэгъуэм и 8-м ирихьэлІэу тест Іэмалкіэ къэхутэныгъэу мин 55-рэ 608-рэ ирагъэкІуэкІащ (иужьрей жэщ-махуэм - 1494-рэ).

COVID -19 узыфэр зиІэу къахутахэр псори зэхэту 3424-рэ мэхъу (зы жэщ-махуэм 76-рэ къахэхъуащ).

Сымаджэхэм ящыщу хъужащ цІыху 1649-рэ (иужьрей жэщ-махуэм - 24-рэ). Узыфэр къызэрежьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы илыкІар цІыху 33-рэ мэхъу.

Сымаджэщхэм мы зэманым цІыху 1051-рэ щІэлъщ. Абыхэм ящыщу реанимацэхэм сымаджэ 62-рэ щыІэщ. Унэм дежь дохутырхэр я узыншагъэм щыкІэлъоплъ цІыху 2195-м, амбулаторнэу зэІззэхэр цІыху 754-рэ мэхъу.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.*

## Нобэ

**♦Зэныбжьэгъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Архивхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Аккредитацэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм и Промышленность псынщІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

**♦Бельгием щагъэлъапІэ адэм и махуэр**

**♦Йорданием щагъэлъапІэ Абдаллэ II Хьэшимит къэралыгъуэм и пащтыхь щыхъуа махуэр.** Пащтыхьыгъуэм и тет Хьусен І ибн-ТІалал 1999 гъэм къэрал унафэр Іэщ1илъхьащ зи ныбжьыр илъэс 37-рэ фІэкІа мыхъуа и куэд нэхъыжь Абдаллэ.

**♦1719 гъэм** Пётр Езанэм урысей губерниехэр щыналъэ щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпыудыным теухуа унафэ къыдигъэкІащ.

**♦1737 гъэм** Москва мафІэсышхуэ къыщыхъуащ. Ар а къалэм къыщыхъуа лыгъэ нэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Абы зэщІищтат къалэкур, уеблэмэ Кремль Уардэунэри исат.

**♦1883 гъэм** Москва тхыдэ музей къыщыдзэІуахащ.

**♦1904 гъэм** и япэ концертыр итащ Лондон къалэм и симфоние оркестрым. Иджы ар дунейм и оркестр нэхъ лъэщхэм ящыщ зыщ. Абы дэлэжьащ ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ дирижёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхухэ артист Темыркъан Юрий.

**♦1935 гъэм** Іуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкІащ.

**♦1935 гъэм** СССР-м къыщыдэкІащ хамэ къэралым кІуэса цІыхум и судыр укІкІэ щІэным теухуа законыр.

**♦1945 гъэм** СССР-м щагъэуващ «Берлин къыздащтам папщІэ», «Будапешт къыздащтам папщІэ», «Венэ къыздащтам папщІэ», «Кёнигсберг къыздащтам папщІэ», «Белград хуит къыззращІыжам папщІэ», «Варшавэ хуит къыззращІыжам папщІэ», «Прагэ хуит къыззращІыжам папщІэ» медалхэр.

**♦1995 гъэм** Урысейм и Президент Ельцин Борисрэ Украинэм и президент Кучмэ Леонидрэ Сочэ Іэ щытрадзащ тенджыз ФІыцІэ флотыр зэрагъэшым теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦Урысейм и пщышхуэ (1676 - 1682 гъэхэм тетащ), Пётр Езанэм и куэзш нэхъыжь **Фёдор III Алексей и куэр** къызэралъхуэр илъэс 359-рэ ирокъу.

♦Ямэ урыс император, къэралым зэхъуэкІыныгъэ куэд щезыгъэкІуэкІа цІэрыІуэ, ТхакІуэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыта **Щекочихин Юрий** къызэралъхуэр илъэс 70 ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр цІэрыІуэ, режиссёр, сценарийкэр зыгъ **Депп Джонни** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и членкорреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Іуэпкъ Іущыгъэ:

**Джэджьей зеуалэ псывэ хоупІэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## Дзыхь зрагъэз телефон щолажьэ

**Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм хъыбар фегъащІэ я Іуэхущ1апІэм дзыхь зрагъэз телефоныр (40-71-72) зэрыщылажьэмкІэ.**

КъЭРАЛ къулыкъущІэхэм законодательствэр къызэрызэпаудым, ахэр хабзэм зэребакъуэм, Іулъхьэм теухуа хьэгъэщагъэхэр зэрызэрахьэм пэщІэтын мурадрщ ар къыщІызэрагъэпэщар. Апхуэдэуи цІыхухэм Іулъхьэм теухуа хъыбархэр иральхьэ хуэунэ Управленэм и интернет-сайтым (www.07.fssprus.ru) и «Интернет-приемная» Іыхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и физическэ, юридическэ лицохэм мыхъумыщІагъэхэр зэхащІыхьмэ, цІыхухэм я хуитынныгъэхэр къыщыдзэпаудэ щхьэхуэмэ, апхуэдэу Управленэм и лэжьакІуэхэр Іулъхьэ тын-къеІыным пыщІа Іуэхуэхэм хэпльауэ фыщыкІуэззмэ, дыныволъэІу къэдгъэлъэгъуа телефонымкІэ хъыбар дывгъащІэну. ТхьэусыхафэкІэ щыІэ хабзэхэм тету хэплъэнущ.

***Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр.***

## Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

**Мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2020 гъэм и етІуанэ ныдэ ныкъуэм щыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэнмр.**

**Иджыпсту щыІэ щытыкІэм ипкъ иткІэ, щыхухэм Іэмал яІэщ поштхэм мыкІуэу, я унэ щІэсыжу газетхэм Іэ традзэну - Урысейм и Поштым и сайтым иІэ podpiska.pochta.ru жыхуиІэмкІэ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр зэфІагъэкІыфынущ, къэралым къыщыдзэкІ газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зыми Іэ трырагъэдзэнущ. Іуэхутхьэбзэр тэмму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щыпІэ щыпсэуми апхуэдэ щыкІэкІэ Іэ традзэфынущ нэхъ дэхьэхэх къыдэкІы-гъуэхэм.**

**«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кІэнлейкІэ 30-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

# БетIрожь СулътIан и зауэ гъуэгуанэхэр

75

**Хэку зауэшхуэм и лъэужьыр ноби кIуэдакъым. Абы Хэкум къыхуихьа гузэвэгъуэмрэ лъыгъажэмрэ зи нэгу щIэкIа ди нэхъыжьыфIхэр псэуху зэхэтхынущ фашист зэрыпхъуакIуэхэм ягъэхьа мыгъуагъэхэр, апхуэдэуи дригушхуэнущ ди адэшхуэхэм къытхуахьа ТекIуэныгъэм.**

**Зауэм хэтахэм къакIуа илъэсиплI гъуэгуанэр нэщхъеягъуэрэ гугъуехь куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ. Дэтхэнэ ветеранми и гукъэкIыжхэм узыIэпашэу уодаIуэ, дэтхэнэми и хъыбарым езым и щхьэхуэныгъэ иIэжщ. Апхуэдэу гъуэгуанэ гъэщIэгъуэн къызэринэкIащ Хьэтуей къуажэм дэс БетIрожь СулътIан. Сыхуейт абы и гукъэкIыжхэмкIэ сывдэгуэшэну.**

### Сабиигъуэ

- Си сабиигъуэмкIэ къыщIэддзэмэ... Ди адэм бынибл иIащ. ЩIалитхурэ хъыджэбзиплIрэ. Сэ сыщыцIыкIум хуабжьу сыщIалэ псынщIэт, жьым тесу псым йопыдж жыхуаIэм сыхуэдэт, икIи сыбзаджэт. Мы хьэблэм цIыкIуу дэсыр, си ныбжьи, сэ нэхърэ нэхъыщIи, гупитIу зыдгуэшти, дыджэгурт, хужьхэмрэ плъыжьхэмрэ дызэзауэ щIыкIэу. Чы башышхуэм дытесу къэджыхьырт, шы папщIэу. Адрейхэр хэт топ джэгурт, хэти губгъуэм кIуэрти, я щхьэ щытрагъэурт. Сэ а «зауэр» сфIэфIт, зэпымыууэ сыджэгуарэт жысIэу...

Ауэ дзэм срадджэу, зауэр къэхъея нэужь, зауэм сыхэтыну къысхуихуакъым. Апхуэдэу къекIэрэхъуэкIыу гъэр сымыхъуамэ, е сыщаукIынт, е лIыхъужь сыщыхъунт абы. Къаруушхуэ сиIащ сэ си щIалэгъуэм, сыбланэт. Ауэ а къысщыщIа къомым си къарур щIахащ. Куэд си фэм дэкIа нэужь, хуабжьу зысхъуэжащ. Псалъэ лей жызмыIэу, къызэупщIым жэуап есту, си щхьэ Iуэху зесхуэжу, къесхьэжьэр зыхуей хуэзауэ нэзгъэсу сопсэу. Куэд слъэгъуащ, ауэ куэд схужыIэнукъым.

### Лъапсэ

- Мы щIапIэр 1928 гъэм си адэм къищэхущ, абы ипэ къуажэкIэм щыпсэууэ щытати, мыбы къэIэпхъуащ. Танокъуэхэ я щIапIэу щытащ мыр, модэ хадэкум деж унэжь иту. А унэжьым щIэсурэ си адэм мыр ищIащ. Ауэ япэщIыкIэ гуэщу ищIат, шыгу, выгу щIэтыну... ШитIрэ витIрэ иIэти, абыхэм я Iэмэпсымэхэр щихъумэну арат. МетритI фIэкIа имылъагагъыу къиIэтауэ арат блынхэр. Абы щыгъуэм сэ сыцIыкIуащ.

Совет властым хуэщIауэ псэухэм я мылъкур трихыу щIидзащ. Ди унэкъуэщ щIалэ гуэр Къалмыкъым и гъусэу къалэ исполкомым щылажьэрти, ди адэм къыжриIат: «Хьэжурам, комиссэ нэкIуэнурэ зы къэмынэу зэтракъутэнущ».

Гуэщыр якъутэнурэ губгъуэм дашынут, абы щызэтралъхьэнут. Арати, мо унэжьым занщIэу къыщIэкIри, махуэ бжыгъэ фIэкIа темыкIуадэу, чыкIэ зэприхукIщ, унэ къыхищIыкIщ аби, къэIэпхъуэжащ. Ауэ абы щхьэкIэ къэнатэкъым, блыным фIэкIа къэмынэу, адрейхэр дашат.

Си адэ-анэр псэухукIэ щIэсащ мыбы. Сэ сыкъэкIуэжа иужькIэ, и щхьэр трезгъэхщ, блынхэр къэсIэтри, къэзгъэщIэрэщIэжауэ аращ.

### Адэжь лъапсэр и хъуэпсапIэт

- СыкъэкIуэжа нэужь Вольный Аул щIапIэ къыщысщэхуащ, абы унэ исщIыхьри, сыщыпсэуащ. Илъэс 25-кIэ Налшык курортым сыщылэжьащ, «Металлург» зыгъэпсэхупIэ унэм и складым и унафэщIу сыщыIащ 1960 - 1986 гъэхэм. Ауэ си гум сытым щыгъуи илът си адэм и лъапсэжьым сыкIуэжыну. Пенсэм сыкIуа иужькIэ къуажэм сыкъэIэпхъуэжащ, 1999 гъэ лъандэрэ, си щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ, си закъуэщ, бынхэр къокIуэж. ХъыджэбзитIыр унагъуэу Налшык щопсэу, ещанэр Канадэм щыIэщ, зы къуи сиIэщ. Сипхъу нэхъыжьым и къуэм бынищ иIэщ, адрей курытми и хъыджэбзым бынитI епI. Нэхъыжьыр щэбэт къэс къокIуэж, и лэжьыгъэр зэриухыу.

### Зауэм и пэ къихуэ зэманым

- Абы щыгъуэ машинэ щыIэтэкъым, трактор закъуэтIакъуэ фIэкIа. Сэ Iейуэ техникэм си нэр къыхуикIырт, къуажэм зыгуэр къыдыхьамэ, иужьым ситу къэскIуэхьырт. 7-нэ классым сыкъыщIэкIри, мазищкIэ трактористу седжащ. Си къуэш нэхъыжьыр МТС-м и унафэщIым и къуэдзэу лажьэрти, къыздэIэпыкъуащ. А мазищыр къэзуха нэужь, Бахъсэн сагъакIуэри, мазихкIэ шоферу седжащ. СыкъэкIуэжа нэужь, колхозым машинэ яIэтэкъыми, бригадэм учётчикыу сагъэуващ. Куэд дэмыкIыу, 1941 гъэм дзэм сраджэ, шофер удостоверенэ сызэриIэм щхьэкIэт сыдашын хуей щIэхъуар. Винницэ сашащ. Абы дзэ часть ин щыIэт, мазэм щIигъукIэ дыщыIащ абы.

### Зауэ

- Сытми, 1941 гъэм дзэм сыкIуауэ, мэкъуауэгъуэм и 22-м зауэр къэхъеящ, етIуанэ махуэм, нэху дыкъекIри, лъэсу драшэжьащ. Хъыбару зэхэтхыу фIэкIа, дыздэкIуэри дымыщIэу, тхьэмахуэкIэ гъуэгу дытетащ.

Житомир дынэсыным километрипщI къэнэжауэ, хутор цIыкIу гуэрым дыкъыщыувыIащ. А къалэр нэмыцэхэм зэраубыдар къыджиIащ командирым икIи зытхъумэжыну унафэ къытхуищIащ. Арати, асфальт гъуэгум и лъэныкъуитIымкIэ зыщыдогъэпщкIу, зыгуэрым и хадэм ит кIэртIоф сатыр зэхуакухэм дыдогъуалъхьэ. Фоч къудей псоми тхуримыкъуауэ, нэху щыху а кIэртIоф хадэм дисащ. Нэху мэщри, командирри щыIэкъым, Iэщи тIыгъкъым, сыхьэтий хъуащ. Сыхьэтибгъухэм деж нэмыцэхэр пушкэкIэ уэуэ щIадзащ. Сыхьэт хуэдиз дэкIауэ, ди гъунэгъу мэзым кхъухьлъатэкIэ бомбэ щрадзыхащ, итIанэ истребителитI къытщхьэщыхьащ.

Дыздэщылъым зыри тлъагъуртэкъым, ауэ щIым «къыджиIэрт» гъуэгум танкхэр къызэрырикIуэр. ИужькIэ наIуэ къызэрыхъуамкIэ, ахэр блы хъурт, абыхэм яужь итт мотоциклистхэр, автоматхэр яIыгъыу. Ахэр къызэрытлъагъуу гуэдзым дыхэлъэдащ, сыхьэтитI-щыкIэ дыхэса нэужь, дежьащ ди гъуэгу хэдгъэщIу, икIи къуажэшхуэ гуэрым дынэсащ.

ПщIантIэ гуэрым зылI дэту къэтлъагъури, дыдыхьащ. «Унэм фыщIэзгъэхьэнукъым, - жиIащ лIыжьым, - Iэщ зыщIэт мо гуэщым хьэуазэ щIэлъщи, абы фыщыжей. Пщэдджыжь жьыуэ фыкъэтэджи, фыдэкIыж». ЩIакхъуэрэ лы тIэкIурэ къыдитри дигъэшхащ.

Нэху дыкъекIри, лIыжьри дэмысу, дыкъежьэжащ. Ухуэныгъэ гуэрым дыщынэсым, нэмыцэ сэлэтитI автомат яIыгъыу къыщIэкIри, дыкъащащ. Драхужьауэ, губгъуэм даху, къуэгъэнапIэ гуэр деж дыщаукIыну мурад ящIауэ согугъэ, арщхьэкIэ, гъэру къаубыдахэр абдеж щызэхуахусу арат.

### Гъэрыпiэм

Арати, гъэр сыхъуащ. Белая Церковь къуажэм дахуащ, абы цIыху мин бжыгъэ дэсу лагерь щыIэт. Пщэдджыжь къэсыху, зыгу из хьэдэ дашурэ щIатIэрт. Фэм къыхэщIыкIа вакъи ялъыгъыжтэкъым, бгырыпхи ящIэлъыжтэкъым лагерым исхэм, псори ягъэнысщкIуурэ яшхат. Зы гуп, цIыху 20 - 25-рэ хъууэ, траншеехэр къатIырт, зы гуп пщэфIапIэм щIэтт, къалэ уэрамхэр зэлъыIуахыу зы гуп щыIэт. Адрей гъэрхэр мин бжыгъэкIэ ист лагерым.

МазитIым щIигъукIэ сисащ сэри абы. СыземыкIуэжыфу къаруунщэ сыхъуащ. Пщыхьэщхьэм ягъэва хьэнтхъупс, кIэртIоф, сытхэр хэлъу къыдату арат, щIакхъуэ грамми 100 и гъусэу. Шхыныхьэ сыкIуауэ сыздэщытым, зыгуэр ауэ къызэцырхъри, сыукIуриящ. Сыкъыхудэплъейри, урысыбзэкIэ сехъуэнын сышынэри, адыгэбзэкIэ сехъуэнат. Спэмыжыжьэу щIалитI щытти: «Еплъ, - жи зым, - мо тхьэмыщкIэр адыгэщ». Къызбгъэдыхьэри, сызей, сызыщыщыр зрагъэщIэри, къызжаIащ: «Пщыхьэщхьэ къэсыху мыбдеж къыIухьэ, дэ лэжьапIэ дыкъыщикIыжкIэ, зыгуэр къыпхуэтхьынщ». Арати, пщыхьэщхьэкIэрэ щIакхъуэ тIэкIурэ лы Iыхьэрэ къысхуахьырт. А щIалэхэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщт, Къущхьэхэ ейт, ауэ я цIэхэр сщIэжыркъым. ЗэкъуэшитIт.

Абыхэм сыкъргъэлащ мэжэщIалIагъэм. Зэман гуэр дэкIауэ, езыхэр зэрылажьэм хуэдэу къэнащ абы, сэ зыкъэзужьыжауэ, абы дыдашри, Польшэм и гъунапкъэм щыIэ лагерым дахуащ. Лагерь цIыкIут ар, куэд дыхъуртэкъым. ИтIанэ Эстонием дашащ зы гуп цIыкIу. Абы шахтэм сыщылэжьащ.

### КIуэсэжыгъуэм

Ленинград къэса нэмыцэхэр ирагъэкIуэту щIадзэ, дэри драшажьэ. Сэ зэи сигу ихуакъым сыкъызэрыкIуэсэжынум и Iэмал къэулъэпхъэщыныр. Германием дашэмэ, къэгъазэ зэрыщымыIэнур къызгурыIуэрт. Ди къуажэгъу Тазхэ ящыщ зэкъуэшитI си гъусэт сэ, дызэрыIыгът Iэмал зэрыдгъуэткIэ. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым зэкъуэшитIым я нэхъыжьым жесIащ: «Ныжэбэ мыхъумэ, нэгъуэщI Iэмал диIэжынукъым». Арати, жэщыбгым, нэмыцэхэр жеящ щыжытIэм, хуэмурэ дыкъыдэпщащ, итIанэ дыкъэтэджри, гъуэгу дытеуващ. Дэнэ лъэныкъуэкIэ дыкIуэми тщIэртэкъым. ДыздэкIуэм гъуэгу Iуфэм унэ гуэр дрихьэлIащ.

ЗэрыхъуIам хъунщ жытIэри, дыдыхьащ. Урысу къыщIэкIащ абы дэт лIыр. Ди Iуэхур зыIутыр гурыдгъэIуащ. Шыгум дригъэтIысхьэри, и лэжьапIэм нэс дишащ: «Иджы мы гъуэгум фытемыкIыу фыкIуэ, патруль къыфхуэзэнущи, фыщIэмыпхъуэу, фепсалъэ».

ДыздэкIуэм, офицеритI дахуэзэри, псори яжетIащ. Штабым дашэри, абы махуитI-щыкIэ даIыгъащ, КПЗ-м дыщIэсу. ИтIанэ гъэру щытахэм папщIэ лагерь дашэри, абы дратащ. ДыздэщыIамрэ тлъэгъуамрэ къыщIэупщIэу мазэм нэблагъэкIэ дисащ абы, итIанэ Ленинград тутнакъэщым дашэри, ахэр камерэ щхьэхуэ, сэ нэгъуэщIым срагъэтIысхьащ. Абы иужькIэ а зэкъуэшитIымрэ сэрэ дызэгъусэжакъым.

ИлъэсипщI къыстралъхьэри, Коми АССР-м, Воркута, гъущI гъуэгу сщIыуэ илъэсибгъукIэ сыщылэжьащ. Зы илъэскIэ нэхъапэу сыкъаутIыпщыжащ, Сталиныр лIа нэужь.

СыкъаутIыпщыжыну си пщIыхьэпIи къэкIыртэкъым. СымыщIэххэу къызэджэри, пщэдей щыщIэдзауэ ущхьэхуитщ къызжаIэри, билет уаси къызатащ. Псыхуабэ нэс мафIэгукIэ сыкъэкIуащ, итIанэ машинэтедзэкIэ къуажэм сыкъэсыжащ.

Къуажэр къысхуэцIыхужтэкъым. Мыраурэ пIэрэ ди къуажэр жысIэу гурыщхъуэ сщIырт. Гъуэгу Iуфэм щыджэгу сабийхэм сеупщIат: мыр Хьэтуей къуажэ жысIэри. СыкъацIыхужат абыхэм, къыщIэпхъуэри, ди адэанэм къыжраIащ: «Мышэ къокIуэж! Гъуэгум тетщ!». ЯгъэгуфIащ.

Си адэ-анэр иджыри илъэси 10 - 15-кIэ псэужащ.

### Нэмыцэ инженер

Тутнакъэщым сызэрисрэ илъэситI-щы хъуауэ зы гуп нашат. Си бгъум деж хуэзэу зылI къэтIысащ. Ар Одессэ щыщ нэмыцэу къыщIэкIащ. Кхъухь щащI заводым инженер нэхъыщхьэу щылажьэрт. Одессэ щызэтракъутам щIакхъуэгъажьэр зэригъэпэщыжри, хьэжыгъэ къищэхуурэ щIакхъуэ игъажьэу щытат. Советыдзэм Одессэ хуит къыщищIыжам, нэмыцэхэм щIакхъуэ яхуэбгъэжьащ жаIэри ягъэтIысауэ арат.

Абы щыгъуэм сэ токарнэ станокым срилажьэрт. Гъусэ зыкъысхуищIри, лажьэу хуежьащ, куэдкIи къыздэIэпыкъуащ ар. СыкъэкIуэжын хуей щыхъум: «Мышэ, уэ уарэзымэ, хуит сащIыжмэ, уи деж сынэкIуэнут. Унэм сыкIуэжыну сыхуейкъым», - къызжиIащ. Шыпхъуищ, зы къуэрэ зыпхъурэ иIэт абы, ахэр Сыбыр ирагъэкIауэ щыIэт. Арати, сыкъэкIуэжа нэужь, зы илъэсым щIигъу дэкIауэ, къэкIуащ ныбжьэгъу схуэхъуа нэмыцэ щIалэр. ГЭС цIыкIу псым тету дэтащ ди къуажэ, абы инженеру щылэжьащ. Иужьым уни къищэхури, и шыпхъур Сыбыр къришыжащ, лIэхукIэ мыбы щыпсэуащ. Си къуэш нэхъыжьым ди кхъэм щыщIилъхьэжауэ щытащ.

### Япэм щыIар

А зэманым адыгэ хабзэр нэхъ зэрахьэу щытащ, цIыхухэр нэхъ зэрыIыгъыу псэуащ. Псалъэм папщIэ, сэ сыкъэкIуэжа нэужь, БетIрожь Хьэжысмел жари, ди адэм и къуэш тпэмыжыжьэу псэурт, Исмэхьили Аслъэнджэрии ди Iэхэлъахэм щыпсэурт. Ахэр зыкIэ зэрыгъэныбжьэгъурти - махуэм лажьэрт, тхьэмахуэм тIэу-щэ пщыхьэщхьэхэм Исмэхьил деж щызэхуэсырти, куэзыр джэгурт, хъыбар жаIэрт. Адрей пщыхьэщхьэхэм адрейм деж кIуэрт. Апхуэдэу зэрыIыгъыу щытащ япэм.

Иджы апхуэдэ щыIэжкъым, телевизор йоплъри, я унэ щIэсыжщ. Телевизорым сэбэп лъэпкъ къигъэлъагъуэркъым, зэран фIэкIа!

*Зытхыжар*
**БИТОКЪУ Маринэщ.**

# Апхуэдэщ Дэбагъуэ СулътIан

**Сыт хуэдэ лъэхъэни ди адыгэ лъэпкъыр къулейщ дызэрыпагэ, дызэрыгушхуэ цIыху цIэрыIуэхэмкIэ. Абыхэм яхэтщ ди Хэкум исыжхэри зи зэфIэкI лъагэхэр хамэ щIыналъэхэм наIуэ щызыщIхэри. Иужьрейхэм ящыщщ Радиационнэ физикэмкIэ дунейпсо физикэ зэгухьэныгъэм (IRPS) и вице-президент, Москва дэт Инженер-физикэ институтым (МИФИ), хамэ къэрал зыбжанэм я апхуэдэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Дэбагъуэ СулътIан Барэсбий и къуэр. ЩIэныгъэхэмкIэ лъэпкъ академие куэдым я академикщ, ФИАН-м и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэщ, Италием Ядернэ физикэмкIэ и лъэпкъ институтым (LNFINFN) и «XLab Frascati» лабораторэм и унафэщIщ Дэбагъуэр.**

● ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ

АДЫГЭ еджагъэшхуэм и къэхутэныгъэхэм гулъытэ хэха хуащIу, ахэр къытрадзэ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм, газетхэм. Дэбагъуэм и цIэр фIыкIэ къизыIуэу абы зэфIих лэжьыгъэр хэIущIыIу ищIу иджыблагъэ тетхыхьахэм ящыщщ «Научные известия» (редактор нэхъыщхьэр Шумахуэ Русланщ) журналыр. Абы зэритхымкIэ, лъэпкъ щIэныгъэлIым и пщIэр нэхъри еIэт илъэс къэс тIэунейрэ иригъэкIуэкI хабзэ «Channeling» дунейпсо щIэныгъэ конференцми, сыт щыгъуи лажьэ, физикэм ехьэлIа «Advanced Accelerator and Radiation Physics» дунейпсо семинарым ар и къызэгъэпэщакIуэу икIи и унафэщIу зэрыщытми.

Дэбагъуэр Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Шэджэм жылэм 1961 гъэм къыщалъхуащ щIэныгъэм пщIэ хэха щыхуащI егъэджакIуэ унагъуэм. Ар зэрыбыниплIым я нэхъыщIэти, щапхъэ дахэ хуэхъуащ и адэ-анэри, и анэкъилъху нэхъыжьхэри. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм псэ хьэлэлу илъэс куэдкIэ пэрытащ СулътIан и адэ-анэр, кърахьэлIа лэжьыгъэфIым хуэфэщэн къэрал гулъытэ лъаги игъуэтащ. Дэбагъуэ Барэсбий Сыхьэт и къуэр РСФСР-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэу щытащ, абы и щхьэгъусэ, бынхэм я анэ Къэрэжан ХьэмлатIэ ипхъуми къыфIащащ РСФСР-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник цIэ лъапIэр.

- Ди адэ-анэр зэрыбыным тхуэхъуащ гъуэгугъэлъагъуэ, щапхъэ нэс. Псом хуэмыдэу сэ абыкIэ си кIэн нэхъ къикIауэ къызолъытэ, сыту жыпIэмэ унэм щыдэслъагъу щапхъэхэмрэ къыбгъэдэкI ущиехэмрэ нэмыщI, си анэр си класс унафэщIу пэщIэдзэ классыр къэзухащ, - игу къегъэкIыж СулътIан. – Дерсхэр щекIуэкIкIэ, мамэ зэи стримыIэтыкIыу, адрейхэм хуэдэ дыдэу, уеблэмэ къыщысхуэ нэхъ ткIии къыхэхуэу, апхуэдэт. Сэри абы сесауэ, унэ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу згъэзащIэрт, дерсхэм жыджэру сыщылажьэрт, си классэгъу куэдым щапхъэ сахуэхъуу.

СулътIан къыдеджа и ныбжьэгъухэм ноби ягу илъщ я япэ егъэджакIуэ щыпкъэр. Анэ пэлъытэу и гъэсэнхэм ящхьэщыта Къэрэжан цIыкIухэр дахагъэм, пэжыгъэм, IэдэбагъыМ, лъэпкъ нэмысымрэ пщIэмрэ яхэлъыным хуиущийрт, щIэныгъэ кууи ябгъэдилъхьэрт. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм и дерсхэм я нэхъыбапIэм джэгукIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къыщигъэсэбэпырт, сабийхэр предметхэм дригъэхьэхыу, щIэныгъэ куум и лъагъуэ цIыкIум тришэу. СулътIан зэрыжиIэжымкIэ, псом хуэдэжтэкъым есэпыр, математикэр зи лъабжьэ дерсхэр. Абыхэм дахьэха щIалэ цIыкIум и акъылым, гупсысэм щIэх дыдэу заужьат, математикэм и псэр хуеIи хъуат. Курыт школым щадж адрей предметхэр джынымкIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэми, физкультурэмрэ спортымкIи жыджэрагъышхуэ хэлъми, балигъыпIэ щиува лъэхъэнэм ирихьэлIэу СулътIан иубзыхуакIэт гъащIэ гъуэгу къыхихыну IэщIагъэр: ар математикэмрэ физикэмрэ епхат. И адэ-анэри, и егъэджакIуэхэри и чэнджэщэгъуу щIалэр хущIэкъурт а щIэныгъэхэр нэхъ кууэ зэриджыным. Физикэр школым щезыгъэджхэм къахуэкIуэ хабзэ «Квант» журналыр езыми къыIэрыхьэрт, Iэ тридзауэ. Абы и къыдэкIыгъуэхэм ит псори щIиджыкIырт, зыгуригъаIуэрт, физикэм хуабжьу зэрыдихьэхыр нэрылъагъу дыдэу. НыбжьыщIэр дапщэщи жыджэру хэтт школым, районым, республикэм математикэмрэ физикэмкIэ щекIуэкI олимпиадэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм, текIуэныгъэр и Iэрылъхьэуи къэкIуэжырт.

Курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, Дэбагъуэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым физикэмкIэ и къудамэм. Студентхэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным сыт хуэдэ лъэхъэни хущIэкъу ди университетым и фIыгъуэ дыдэт 70 - 80 гъэхэр. Лекцэ къыщеджэну, семинар купщIафIэхэр щрагъэкIуэкIыну абы щIэх-щIэхыурэ кърагъэблагъэрт къэралым и еджагъэшхуэхэр. Къапщтэмэ, физико-математикэ факультетым и студентхэм я пащхьэ куэдрэ къиувэрт Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МКъУ-м, РАН-м ФизикэмкIэ и институтым, Долгопрудный къалэм дэт Физтех-лицейм, Дубнэ щыIэ къэрал университетым, СССР-м щылажьэ нэгъуэщI щIэныгъэ центрхэм я IэщIагъэлIхэр. Физикэ щIэныгъэм хэлъ щэху псори къэхутэным гурэ псэкIэ дихьэха щIалэщIэр а псоми нэхъри трагъэгушхуэрт и мурадхэм ялъэIэсыным.

- Ди республикэм а лъэхъэнэм щылэжьа физикэ школыр ди къэралым и апхуэдэ IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм халъытэу щытащ. Ар ирагъэщхьырт еджагъэшхуэ, физик цIэрыIуэ Задумкин Сергей къызэригъэпэщауэ щыта школым, - жеIэ Дэбагъуэм. - Сэ абы срихьэлIэну къысхуихуакъым, атIэми си насып къикIри, срагъэджащ абы и гъэсэнхэу ХъуэкIуэн Хьэзрэталий, Темрокъуэ Анатолий, Шыбзыхъуэ Азэмэт сымэ. Абыхэм я фIыщIэ ину къызолъытэ си япэ ехъулIэныгъэхэм ящыщ куэдыр. Ахэращ сезыгъэсар щIэныгъэм сыхуэлэжьэну, ар си гъащIэ гъусэу сыпсэуну.

КъБКъУ-м щызригъэгъуэта щIэныгъэм Дэбагъуэм щыхигъэхъуащ МКъУ-м и аспирантурэм, ФИАН-м и докторантурэм. А IэнатIэхэм абы ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ и кандидат, доктор диссертацэхэр. ЗэфIэкI лъагэ къызыкъуэкIа адыгэ щIалэм утыку кърихьа и къэхутэныгъэхэм пщIэшхуэ щагъуэтащ щIэныгъэ дунейм. Абы щытхъу псалъэхэр хужаIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и академик Киржниц Давид, еджагъэшхуэ-физик Ширков Дмитрий, Ленин, Сталин, Нобель сымэ я цIэхэр зезыхьэ саугъэтхэр зыхуагъэфэща Гинзбург Виталий, адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къумахуэ Мурадин сымэ, нэгъуэщIхэми.

- Псом хуэмыдэу сигу къинащ Къумахуэ Мурадин. Япэ лекцэхэмрэ семинархэмрэ къыщыщIэдзауэ сэ къызгурыIуат ар щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ еджагъэшхуэу зэрыщытыр. Физикэм хуэдэ дыдэу фIыщэу математикэри зэрищIэм къыхэкIкIэ, абы псынщIэу икIи нэрылъагъуу къыбгуригъэIуэфырт зытепсэлъыхь псори, - и егъэджакIуэ икIи унэтIакIуэ Iэзэм топсэлъыхь Дэбагъуэр. - Мурадин сцIыхуащ, сригъэджащ, сыдэлэжьащ зэман кIыхькIэ, илъэс 25-кIэ. ЩIэныгъэлI къызэрымыкIуэу зэрысцIыхуам нэмыщI, ар икIи адэ пэлъытэ схуэхъурт, апхуэдизу къысхуэнабдзэгубдзаплъэти. Абы и фэеплъыр мыкIуэдыжыну си гум, си псэм къыхэнащ. Къумахуэр зи IэщIагъэм нэсу хэзыщIыкI щIэныгъэлI къызэрымыкIуэт.

СССР къэралыр щызэхэщэщэжа лъэхъэнэ гугъуми я дамэпкъ зэтауэ зэдэлажьащ Къумахуэмрэ Дэбагъуэмрэ. Ахэр щызэдэлэжьащ Атом энергетикэмкIэ институтым, Курчатовым и цIэр зезыхьэм, зэгъусэу къызэIуахахуэ щытащ Рентген оптикэмкIэ институтыр, мызэ-мытIэу къызэрагъэпэщащ дунейпсо, къэралпсо щIэныгъэ зэхуэсзэмылIэужьыгъуэхэр. Мурадин и жэрдэмкIэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Дэбагъуэм и лэжьыгъэм щыпищащ РАН-м. Абы щызэфIих къэхутэныгъэхэр хэIущIыIу щыхъуащ Европэми Америкэми. А щIыпIэхэм мызэ-мытIэу ирагъэблэгъащ щIэныгъэлIыр, зыхэт дунейпсо щIэныгъэ зэпеуэхэм гранткэр къыщихьурэ. 1998 гъэм ар и къэхутэныгъэхэм щыпищэну аргуэру ираджащ Америкэми Италиеми. А Iуэхухэм фIыуэ щыгъуазэ Гинзбург Виталий «апхуэдэ Iэмал благъэкIыркъым, физикэм гъунапкъэ ищIэркъым» щыжиIэм, СулътIан тегушхуэри къэралым икIащ. Ар арэзы техъуащ Фраскати щыIэ щIэныгъэ центрым а зэманым и унафэщIу щыта Бертолуччи Серджио къриухылIа Iуэхугъуэхэм икIи абы лъандэрэ Италием Ядернэ физикэмкIэ и лъэпкъ институтым (LNFINFN) и къудамэм и пашэу мэлажьэ. Ар унагъуэщ, и щхьэгъусэ Татьянэрэ абырэ бынитI зэдагъуэтащ. Ахэр балигъ хъуащ, адэанэр я дэIэпыкъуэгъуу лъэ быдэкIэ гъащIэм хоувэ.

Щалъхуа щIыналъэм пэжыжьэу псэуми, Дэбагъуэр псэкIи лэжыгъэкIи пыщIащ и къэралым, адэжь щIыпIэм. И егъэджакIуэ Iэзэхэм я щапхъэм тету, Дэбагъуэ СулътIан 2011 гъэ лъандэрэ зэхешэ физик цIэрыIуэхэм я дунейпсо конференцхэр. Италием щыпсэуми, Фраскати къалэм щыIэ, Ядернэ физикэмкIэ лъэпкъ лабораторэм и унафэщIу щыту, ар шэщIауэ ядолажьэ МИФИ-м, ФИАН-м я щIэныгъэлIхэм. Дэбагъуэм и нэIэм щIэту курсовой, диплом, нэгъуэщI щIэныгъэ лэжьыгъэхэр ягъэзащIэ ди хэкурыс студент куэдым. Абы и фIыгъэщ сыт щыгъуи лажьэу физикхэм я дунейпсо семинар зэрыщыIэри. Дэбагъуэм кърегъэблагъэри, темэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ абы лекцэхэм къыщоджэ Германием, США-м, Японием, Италием, нэгъуэщI къэралхэми ящыщ щIэныгъэлIхэр. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохъу езы щIэныгъэлIхэми, аспирантхэми, студентхэми.

ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ адыгэ еджагъэшхуэ Дэбагъуэ СулътIан и пщIэр щылъагэщ ди республикэми. ГукIи псэкIи адыгэ нэсу къэна, ди анэдэлъхубзэр зыIурылъ, лъэпкъ хабзэр зезыхьэ хэкупсэм куэд щIакъым «Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмщIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащрэ. СулътIан и ехъулIэныгъэхэм, ар здынэс лъагапIэхэм гурэ псэкIэ щогуфIыкI ар къызыхэкIа унагъуэри, Дэбагъуэхэ я лъэпкъри, адыгэ псори. Мураду гъащIэм хуиIэ псори къехъулIэну ди хэкуэгъу щIэныгъэлI щыпкъэм дохъуэхъу, узыншэу лъэпкъ щIэныгъэм иджыри куэдрэ хуэлэжьэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Астрофизикэ

# ЩIымрэ Дыгъэмрэ хуэдабзэу

**Квант мэскъал цIыкIужьейхэм я зыгъэзэкIэр зыдж физикэм (квантовая физика) и лъабжьэр зыгъэтIылъа Планк Макс и цIэр зезыхьэ Астрофизикэ институтым (Германие) щылажьэ щIэныгъэлIхэм иджыблагъэ хьэршым къыщагъуэтащ ди планетэмрэ ар зэлъэтэкI ди Дыгъэмрэ зэрызэгъэщIылIа-сытхэмкIэ хуабжьу ещхьу къалъыта уафэщIхэр.**

«KOI-456.04» нагъыщэр зрата планетэр зэрытпэIэщIэр нэхум илъэс мини 3-м и кIуэцIкIэ зэрызидз гъуэгуанэм хуэдизкIэщ. Ар йокIэрэхъуэкI «Kepler-160» зыфIаща вагъуэ жьэражьэм.

ЩIы Хъурейм хуагъадэ уафэщI жыжьэм гъащIэ щыIэнкIэ зэрыхъунум щIэныгъэлIхэр езыгъэгупсысар а планетэмрэ ар зэпха, зи хъуреягъкIэ зэкIэрэхъуэкI езым и «дыгъэмрэ» я зэпэщIэхыкIэри а тIум зэрызыдагъазэри «дыдейм», икъусыкъужкIэ, зэрытехуэрщ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Астрофизикхэм ЩIы хъурейм едгъэщхь хъуну алъандэрэ къагъуэта планетэхэм я нэхъыбапIэр зэгъэщIылIар вагъуэхэм ящыщу, плъыржьэр пэтми, зи нурыр щхъухьзехьэ цIыкIужьейхэмрэ хуабагъэ инкIэ узыщыгугъыж мыхъуну упщIыIуахэмрэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, апхуэдэхэм я хъуреягъыр къэзылъэтыхь уафэщIхэм гъащIэ гуэри щыIэну фIэщщIыгъуейщ. Ауэ, мис иджы къахутар зэлъэтэкI Kepler-160 вагъуэ жьэражьэр, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, и инагъкIи, и къызэщIэплъэкIэкIи ди Дыгъэм хуэдабзэщ.

**БЭРАУ Бышэ.**

# Хыхэм я дунейпсо махуэ

● Ди махуэгъэпс

**Ар къызэрырахьэжьэрэ куэд щIакъым. Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным егъэщIылIа къалэнхэр зыхуэдэм теухуауэ 1992 гъэм Рио-Де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа къэрал зэхуаку конференцым къыщыхалъхьащ мэкъуауэгъуэм и 8-р Хыхэм я дунейпсо махуэу илъэс къэс ягъэлъэпIэну. А жэрдэмыр даIыгъащ адрей къэралхэми. ИкIи, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2008 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым къыщыщIэдзауэ, зи гугъу тщIы махуэм гулъытэ хэха щыхуащI хъуащ ди планетэм и щIыпIэ куэдым. Апхуэдэ щIыкIэм тету Iэмал къыкъуэкIащ хыхэм яхуэсакъын, ахэр хъумэн зэрыхуейр цIыхухэм ягу къэгъэкIыжынымкIэ.**

ИПЭЖЫПIЭКIЭ, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щытыкIэм иту къызэтегъэнэнымкIэ хыхэм ягъэзащIэ мыхьэнэр ин дыдэщ. Къедбжэкl хъумэ, абыхэм япсхэращ хьэуам хэзэрыхьа фIейр (углекислэ газыр, заводхэм къапиху гъуэзыр, нэгъуэщIхэри) куэду зыщIэзышэр, цIыху мелардищым хуэдизым я гъащIэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хым къыхахым (бдзэжьейхэм, къэкIыгъэхэм, псырыкIуэ псэущхьэхэм) елъытащ.

Пэжщ, цIыхум хы щхьэфэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм кIуэ пэтми зэрызаубгъум, зэрызыщаужьым я зэранкIэ, бдзэжьей лIэужьыгъуэ куэдым кIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ къахукъуэкIащ, я бжыгъэм зэрыкIэрыхум къыхэкIыу. Псори зэхэту къэдгъэлъагъуэмэ, дунейпсо хым и процент 40-м нэблагъэм зэран яхуэхъуакIэщ цIыхухэр. Ауэ щыхъукIи, а Iуэхугъуэри гудзакъэ зиIэ псори зэгупсысыпхъэхэм ящыщ зыуэ къэуващ.

Дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм щыуфафэ хыхэр 4 мэхъу. Абыхэм я зэхэлъыкIэр зыхуэдэм, я зыхъуэжыкIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ океанологхэри, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри. ГъэщIэгъуэныр аращи, еджагъэшхуэхэм ноби хыхэм къыщахутэ иджыри къыздэсым зыщымыгъуазэу къекIуэкIа къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. Шэч къызытедмыхьэжынур араще, ЩIы Хъурейм и плIанищыр зыIыгъ псы хъумапIэ гъуэзэджэхэр, дахэкIейхэр яхуэтхъумапхъэщ дяпэкIи къэкIуэну ди щIэблэхэм.

Еджагъэшхуэхэм хыхэр джыным псом хуэмыдэжу къаруушхуэ ирахьэлIэ щыхъуар иужьрей зэманырщ. Зи гугъу тщIы псы хъумапIэшхуэхэм я щIэр здынэсыр иджырей Iэмэпсымэхэм кIэ къахутащ. Ди планетэм тет псы псоми я нэхъ куу дыдэу къыщIэкIар Хы Щэхум хэт Мариан хытIыгу Ищхъэрэхэм япэгъунэгъу Мариан уэхырщ - зи лъащIэр километр 11-кIэ псы щхьэфэм пэIэщIэрщ. Езы Хы Щэхум и цIэр къызытехъукIари гъэщIэгъуэнщ. ФIэщыгъэ дахэкIэ абы «хуэупсар» 1519 - 1522 гъэхэм ЩIы Хъурейр псом япэу кхъухькIэ къызэхэзыкIухьауэ щыта Магеллан Фердинандщ, зи цIэ къитIуа хы абрагъуэм зэрытета зэман кIыхьым кърибыдэу, абы и псыр къэукъубеяуэ зэримылъэгъуам къыхэкIыу.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ТхакIуэ, журналист цIэрыIуэ Тхьэмокъуэ Барэсбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

*Журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ Тхьэмокъуэ Барэсбий Гъумар и къуэр 1940 гъэм накъыгъэм и 25-м Шэджэм Езанэ къуажэм (иджы Шэджэм къалэм) къыщалъхуащ. Абы школыр къыщиухри, Барэсбий щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым.*

*1965 - 1968 гъэхэм ар щылэжьащ Пермь, Свердлов областхэм къыщыдэкI газетхэм, Каменск-Уральск къалэ газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ. 1968 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къигъэзэжри, Барэсбий журналистикэм и IэнатIэ зыбжанэм щылэжьащ - телевиденэм и редактор нэхъыщхьэу, абы и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Илъэс зыбжанэкIэ абы зэрихьащ КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI къулыкъур. 2003 гъэм щегъэжьауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и политикэ обозревателу щытащ.*

*Тхьэмокъуэ Барэсбий УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ. Журналистикэм щиIэ фIыщIэм папщIэ абы къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, «И къару емыблэжу зэрылажьэм папщIэ» медалыр, министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я щIыхь тхылъхэр къратащ.*

*Тхьэмокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ хьэлэмэтхэр нобэми щIэщыгъуэщ, щIэупщIэ яIэщ. Абы къыщIэнащ цIыхухэм гукъинэ ящыхъуа тхыгъэ купщIафIэ куэд, щIэблэр зыущий, зыунэтI псалъэхэмкIэ гъэнщIат абы щIэх-щIэхыурэ газетхэм, журналхэм къытрыригъадзэ тхыгъэхэр. Апхуэдэщ «Адыгэ псалъэ» газетым мазэ къэс къытехуэу щыта «Ислъамым и нур» напэкIуэцIыр.*

*Барэсбий и Iуэтэжхэр, усэхэр щызэхуэхьэсауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Удз гъэгъахэр», «Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ», «Псалъэ Iэсэ» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Тхьэмокъуэ Барэсбий егъэлеяуэ цIыху гуапэу, гулъытэ хэлъу щытащ. Ар зи гур къабзэ, зи бзэр IэфI цIыхут, гупым яхэзагъэу, и пщIэр зыдэлажьэхэм я деж щылъагэу. Барэсбий адыгэлI щыпкъэт, и дуней тетыкIэкIэ, и хьэл-щэн дахэхэмкIэ, и къабзагъэмкIэ щапхъэт. Апхуэдэущ ар зыцIыхуу щытахэм дигу къызэринэжари.*

## Псори абы хуэдэу дунейм дытетыфатэмэ

МЫ ЦIЫХУ дыщэр дунейм зэрытета илъэс блыщI иримыкъум щыщу щэ ныкъуэ хуэдизым абы сэрэ дызэрыцIыхуу щытагъэнущ. ЖысIэнкъым а зэман мымащIэм дэ ди псэр зы чысэм илърэ дызэрымылъагъумэ, дызэхуэзэшу дыкъызэдекIуэкIати, адрей дызыхэт, къытхэт псом нэхърэ нэхъ лейуэ дызэхущытати, сытти жысIэу. Ауэ сыт щыгъуи дызэрыщIэу, дызэрылъытэу, зыр адрейм хуей щыхъум дызэрыгъуэту дыкъызэдекIуэкIащ. ИкIи си гугъэжщ и псалъэкIи, и тхыгъэкIи, и IуэхукIи, и цIыху щIыкIэкIи фIыуэ сцIыхуу щытауэ. Ар цIыху щыпкъэт, узригъэхъуапсэу. Щабэт, Iэсэт, гуапэт, дахэт и псалъи и Iуэхуи, гу къабзэ-псэ къабзэт. Щапхъэт сыт и лъэныкъуэкIи. Сэ сфIэфIт, зэман згъуэтыххэмэ, абы нэхъыбэрэ сыхуэзэну, сепсэлъэн, нэгъуэщI зыри хэмытыххэми, ауэ зэманыр дэзгъэкIуэн къудей. Арауэ къыщIэкIынт ар «Адыгэ псалъэ» газетым щыщыIэм и лэжьапIэ пэшым куэдрэ «сыщIыщIэкIэрахъуэр».

Барэсбий тхакIуэт, усакIуэт, журналистт. Абы и тхыгъэхэм, езыми хуэдэу, удахьэхырт. Ирепрозэ, иреусэ, ирежурналист лэжьыгъэ. Ар сабийми балигъми яхуэтхащ. И прозэр щхьэхуэу къапщтэмэ, псом япэу игъэщыпхъэу къыщIэкIынущ «Иджырей псысэхэр». Тхыбзэ диIэ зэрыхъурэ блэкIа зэман куэдыщи мыхъум мыпхуэдэ зэи дрихьэлIакъым. ИкIунур зыхуэдизыр тхьэм ещIэ, ауэ Барэсбий и деж къыщежьа жанрыщIэу ди адыгэ лъэпкъ литерату-рэм къыхыхьащ мы псысэ лIэужьыгъуэр. Псысэ жиIэ щхьэкIэ, мыхэр а дэ дызэсэжауэ игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкIхэракъым. ЩIагъыбзэ защIэщ. ЩIагъыбзэр, зэрытщIэщи, пэж жыIэкIэфIщ. ТхакIуэм ар Iэзэу къигъэсэбэпын хузэфIэкIырт. ХьэкIэкхъуэкIэхэм я дуней тетыкIэм бзэ дахэкIэ, шэрыуэкIэ тепсэлъыхькIэрэ, иджырей, мис мы нобэрей зэман дыдэм ди зэхэтыкIэр зыхуэдэр къегъэлъагъуэ, гъащIэм хэлъ ныкъусаныгъэ зэран къытхуэхъухэр ди нэкIэ дегъэлъагъуж. Ауэ щыхъукIи, художественнэ литературэм узыщрихьэлIэ баснэхэмрэ мыбырэ зыкъым. Тхьэмокъуэм и япэ апхуэдэ рассказ хьэлэмэтыр, «Кхъуэц къызэралъыхъуар» зыфIищар, 1994 гъэм «IуащхьэмахуэI» журналым къытрадзащ. Абы лъандэрэ псэуху зэпигъэуакъым Тхьэмокъуэм мы жанр щIэщыгъуэм, гъэщIэгъуэным щылэжьэн. А итххэр газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхыурэ къытехуэу щытащ. Абыхэм я нэхъыфIхэращ «Шылъэгур Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIар» и иужьрей дыдэ тхылъым, 2008 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIами, нэхъыбэу итыр.

«ЗэIущIэ» псысэ-щIагъыбзэм пфIэхьэлэмэту уоджэ. Мыщэжьым хьэкIэкхъуэкIэу мэзым щIэсыр зэхуишэсауэ Лъэбышэ зи цIэ бажэжь цIыкIум и суд ещIэ. Бажэ бзаджэм ар IулъхьэкIэ къыщигъэгугъэм, мыщэм занщIэу хуит къещIыж. ИгъащIэ лъандэрэ дунейм зезымыгъэужь, цIыхум Iэгъуи гъуази хуимыгъуэту нобэми зэбэн Iулъхьэм фIеягъэу хэлъымрэ абы мыхъумыщIагъэу къыдэкIуэмрэ апхуэдэу гъэщIэгъуэну, дыхьэшхэну, ауанышхуэ хэлърэ ахэр зыдэплъагъум ущIигъэнакIэу къыхуэгъэлъэгъуэнтэкъым, тхакIуэр хьэкIэкхъуэкIэхэм я деж мыIэбамэ. ГъэщIэгъуэну зэхэлъщ «Номинхэр» зыфIищари. Номин хьэрычэтыщIэхэр ефэу здызэхэсым, езыхэм щыщ зым, къулейсызыгъэ къызылъысам дэIэпыкъуну къагъэгугъэ, ауэ етIуанэ махуэм щIогъуэжри, псоми загъэпщкIуж. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу дэ дрохьэлIэ апхуэдэ, ауэ номинхэм я деж ар щIэщыгъуэу щыпщохъуж, укъыщеджэкIэ, апхуэдэ номинхэм нэхъри гущыкI яхуумыщIу къанэркъым.

Гуапэт, мы жанр лIэужьыгъуэщIэр зыхуэгъэшэрыуэн тхакIуэ къытхэкIрэ дяпэкIи пащатэмэ. Абы, шэч хэмылъу, и фIагъ къекIынт ди лъэпкъ литературэм.

Хъарзынэу, хузэфIэкI ищIэу Барэсбий илъэс куэдкIэ хэлэжьыхьащ ди къэбэрдей усыгъэми. Мыбдежым уигу къэмыкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым лIэщIыгъуэ кIуам и кIэуххэм ирихьэлIэу абы «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIауэ щыта «Псалъэ Iэсэ» усэ тхылъыр. А зэманыр зэрыщытар дощIэж. Къэралыр, къэралми и мызакъуэу, дуней псор зэрыщыту къызэретхъужьауэ, щыIар якъутэу псэукIэхъуэж щащI лъэхъэнэт ар. НтIэ, мис а дунейкъутэжым цIыху гуапэ, цIыху пэж, дин Iыхьлы Тхьэмокъуэ Барэсбий и макъ щабэр усэбзэкIэ къэбэрдей адыгэм яхэIуащ. Гужьеярэ дэнэкIэ сыт къыщыхэдудын жаIэу зэхэлъэдэжахэм хъийм фимыкI, фызэрыцIыхур зыщывмыгъэгъупщэ яжриIэу, Алыхь зэрыщыIэр ягу къигъэкIыжу. Феплъыт езы тхылъым фIищами: «Псалъэ Iэсэ». Сыту ещхьыIуэт ар езым и цIыху щIыкIэмрэ а и усэхэр зыхуэдэмрэ!

Хуабжьу ди гуапэу, щIэщыгъуэу дыдэ къытщыхъурэ гупсэхугъуи къыдиту деджащ мы усэ тхылъ цIыкIум.

Езым ар апхуэдэу имыщIами, мы тхылъым ит усэхэр Iыхьэ щхьэхуэурэ бгуэш хъунущ: хабзэм, зэныбжьэгъугъэм, цIыхугъэм, Хэкум, гъащIэм и IэфIым теухуахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми зыр адрейм къызэрыщхьэщыкI фIагъ гуэр дыболъагъу. Ауэ, а псори зэубыдылIэжауэ уахэплъэмэ, хьэл нэхъыщхьэу абыхэм яхэлъыр гурыIуэгъуэ мэхъу: егъэлея, къэгупсыса, жыIэкIэ мышыу къыхэмыхьэу, зи, ауэ дэ дызэрыпсалъэ дыдэм хуэдэу къызэрыгуэкIыу тхащ, хэлъ гупсысэм IэкIэ утригъэIэбэу.

**Аргуэру сыкъекIащ нэхуфIи,**
**Дунейм изох фIэхъус**
**сыгуфIэу:**
**- Фыуэзыншэ, цIыхухэ,**
**напэ хужьхэ,**
**Телъыджэ куэд зи нэгу щIэкIа!**
**Жейм я нэхъ IэфIыр**
**ефхьэкIа,**
**Вагъуэбэ нурхэр фи**
**жэщгъуэлъу?**

«Фыуэзыншэ, цIыхухэ, напэ хужьхэ»... Зэрыщабэ, зэрыгуапэ мы псалъэхэр! Езы Барэсбий дыдэ мы иджыпсту къопсалъэ хуэдэу къыпщохъу. ЗанщIэу гу лъыботэ - псэ къабзэ зиIэ цIыхущ апхуэдэу зытхынкIи жызыIэнкIи хъунур. Дунейм нэхъ щылъапIэ дыдэ гулъытэ зиIэращ апхуэдэу бзафIэри. Гулъытэ здэщымыIэм, фIы и лъэныкъуэкIэ, нэгъуэщIи щыIэкъым. ЦIыхур сыт ныбжьым щити сыт щиIи щимыIи хуэныкъуэщ гулъытэ. Ар дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым... Хъунутэкъым, ауэ тщогъупщэ!

Дэ мащIэу зи щхьэфэ диIэбар Тхьэмокъуэм ди адыгэ литературэм хилэжьыхьаращ. Ауэ абы фIэкIа ищIакъэ, итхакъэ Барэсбий? Ди лъэпкъ журналистикэм абы зылI ищIэн хуилэжьащ. И тхыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи мыувыIэу газетхэм, журналхэм къытехуэрт, радиокIэ, телевизоркIэ къатырт. Апхуэдэу Iуэху дахэ, хьэлэмэт къэхъуну Алыхьым иухауэ къыщIэкIрэ а псори зэгуэр зы ящIыжауэ диIатэмэ, езы Барэсбий щыпсэуа зэманым къэбэрдей адыгэм яIа гъащIэмрэ лэжьыгъэу ящIамрэ абыхэмкIэ щыгъуазэ зыпщIыфынут, нэгъуэщI къыхэмыхьэу. Ахэри, мы жыхуэтIа художественнэ тхыгъэхэм хуэдэу, щабэу, хуабэу, гуапэу тхащ.

Щабэу, хуабэу, гуапэу, захуагъэм, пэжыгъэм темыкIыу щыпсалъэкIи, щытхэкIи, щищIэIакIи, сыщыуэу е сыбэлэрыгъыу зыгуэрым зыгуэркIэ и жагъуэ сщIымэ, си зэран екIмэ, жиIэу гузавэу и гъащIэр ихьащ мы цIыху хьэлэмэтыщэу къытхэтам... Мыхэр щыжысIэм, щыстхым, ауэрэ, езыри си нэгу къыщIэзгъэхьэжщ, и дуней тетыкIахэми сегупсысыжри, сигу къэкIари? ЦIыхуу дэнэ щыпIэкIи щыIэу хъуар а Барэсбий хуэдэу дыщытамэ, мы дунеижьыр сыт хуэдэу пIэрэт зэрыхъунур?! Зэи цIыхум цIыхур щыдикъуэ, хьэрэм щыфIишх, щигъэикIэ къэхъунтэкъым, иукIынтэкъым еуэу цIыхум цIыхур... ИгъащIэкIэ зауэ щыIэнтэкъым!

Ауэ, лIо пщIэнур, дыщытыфынукъым дэ Тхьэмокъуэ Барэсбий хуэдэу!

**ХЬЭХ Сэфарбий,**
*тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

* * *

**Псы кIантIэ уэр цIыкIухэр, гуфIэжу Iущащэу,**
**Пэлыду дыгъэпсым, лъэнтхъуийхэм къапхопсыр.**
**Мей уардэ ещIахэр, кхъужьейхэр дахащIэу**
**Егъэпскlыр щIыхубзэ пщэдджыжь**
**салъкъыныпсым.**
**СщIынт ахэр сурэту, схуэщIыну щытатэм.**
**Плъагъунт и дахагъыр си мэз фIыуэ слъагъум.**
**Сыт щIыкIэу сурэтым истхэн берычэту**
**Мэзыжьым мэфI щIэтхэр, къуалэбзэ уэрэдхэр?..**
**Сыт щыкIэу сIуэтэну мэз жьауэ гуапагъэр?**
**ПфIэщIынущ сащытхъуу мэз дыгъэм, мэз пшагъуэм**
**ТIуащIэ... ТIуащIэу мэз нэху, лъагъуныгъэ**
**Сэ зыртэм пхузиIэр, ар пхуэхъурт фIэщыгъэ?..**

* * *

**Йожэх Шэджэмыпсыр, къыхихыу салъкъыныр,**
**Бгырыс бысымыфIу мэгуфIэ толъкъунхэр.**
**СеIэтри акъужьым, сехьыж сабиигъуэм -**
**Сыхуожэ, сыхолъэ псы уэр абэрагъуэм.**
**Сапхъуатэ толъкъунхэм, срахьэ архъуанэм,**
**Нэ вагъуэхэр пщIыпщIу саутхыпщIыр, итIани**
**Сапоуэ ныбжьэгъухэм - сихуащ лIыгъэщIапIэ**
**Сыхохьэ аргуэру, сосых Iэжьэкъуапэу...**
**КъысфIэщIырт мыбдежыр дуней курыкупсэу,**
**Псыпыхуу домбейхэм Шэджэмыр я гупсэу.**
**Зэманым щысхьыншэу сихьащ щIыкъуэ**
**бжьиблхэм,**
**Си гъуэгу быркъуэшыркъуэм къеуар мы зы щыблэ.**
**Борэнхэм, толъкъунхэм сатхьэлэу, сакъелу**
**СыздэкIуэм, Шэджэм, уи псы къабзэм сыхуэлIэрт,**
**ИмыкIт си тхьэкIумэ уи псыгъуэ макъамэр,**
**Дапщэщи къысщIихуу уи акъужьри си дамэт...**
**ЩIэрыщIэу сыпIуоплъэ, согуфIэ нахуапIэу,**
**Шэджэм, къэсцIыхужу бгырыс бысым гуапэр.**
**ЩIэрыщIэу мы сигури сфIокIуэж сабиигъуэм -**
**Щызоуэ толъкъунхэм, псы уэр абэрагъуэм....**

### Жьынду

**Ныжэбэ жэщым емызэш жьындур.**
**Ярейщ и макъыр къыщIэIукI щIы щIагъым.**
**Ярейщ хуэгуфIэ гуемыIу къанцIум -**
**Iэмалыншагъэм и гъуэжькуий къэблагъэм.**
**Ныжэбэ жэщым къысхуещIыж есэп**
**КъэскIуа гъуэгуанэм и кIыхьагъ - и бгъуагъыр.**
**ИгъащIэм сыткIэ сыхъуфа сэбэп?**
**Е хэт зыгуэркIэ къыхуэсхьа мыгъуагъэ?**
**Гупсысэ дыджхэм си тэмакъыр щач -**
**ЩIэщхъубэ мылхэм, дэпхэм сатоувэ,**
**НатIэгукIэ сыжьэхоуэ, жиIэу «жьач»,**
**Щыуагъэ Iэджэм я абрэмывэм.**
**Ныжэбэ жэщым емызэш жьындур.**
**ХущIоджэ ар зыгуэрым и насыпым.**
**ГущIэхыу джэрпэджэжри мэжьу,**
**МэщэIу, мэпыхьэ, къехкъым и нэбдзыпэ.**
**Сэрауэ щытмэ ер зыхуэетар,**
**Си гугъэ Iэджэр схуэмыщIами нахуэ,**
**Сыхуэарэзыщ дуней сызытетам...**
**ЦIыхуфIхэ, псоми фхухъу сяужьыр махуэ!**

## И IуэхущIафэ дахэхэм пызощэ

СИ АДЭР и хьэл-щэнкIэ, дуней тетыкIэкIэ зыми ещхьтэкъым. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым абы дэплъагъу псэ къабзагъэмрэ хьэлэлагъымрэ. ЦIыхухэм IейкIэ я гугъу ищIу зэи зэхэпхынутэкъым. НэгъуэщIхэм я мыхъумыщIагъэм дыщытепсэлъыхькIи къытхуигъэдахэртэкъым. Зи гугъу тщIыр щыуауэ, щымыуэ щымыIэу къилъытэрт. Абы лъагъумыхъуныгъэ зыхуиIэу зы цIыхуи дунейм теттэкъым. ГъэщIэгъуэныракъэ, цIыху псори фIы и лъэныкъуэкIэт зэрилъагъур.

Си адэр фIы защIэкIэ сигу къинэжащ, и дуней тетыкIам теухуауи куэд стхыжащ. Абы хуэдэу быным хуэнэхъуеиншэ уигъэлъыхъуэнт. СызэрыцIыкIурэ дызэныбжьэгъуу дыкъызэдекIуэкIащ, си анэм нэхърэ нэхъ спэгъунэгъуу. Илъэсищ ныбжьым къыщыщIэдзауэ сызригъэдэIуа таурыхъхэр си фIэщ хъупэрт, апхуэдизкIэ удихьэхыу жиIэрти. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм кином дыкIуэрт, ди нэгу зедгъэужьырт. МыхъумыщIагъэ сщIауэ къыщызэшхыда къэхъуауэ къысхуэщIэжыркъым.

Си щыуагъэм псалъэ дахэкIэ гу лъызигъэтэжырти сигъэукIытэрт, абы къытезмыгъэзэжыну зэрыщыгугъыр и псалъэм къыхигъэщу. Нобэ фIагъ гуэр къыздалъагъумэ, ар зи фIыщIэр щапхъэ схуэхъуа си адэращ. Абы схухиша гъуэгуанэ захуэм сытетщ, езым сыхуэфащэу, и IуэхущIафэ дахэхэм зэрыпысщэным иужь ситщ.

Си адэ-анэм хабзэ, нэмыс, зэгурыIуэ яку дэлъу къекIуэкIащ. Си адэр дунейм ехыжын ипэкIэ си анэм къыжриIат къызэрыхуэарэзыр, напэ хужькIэ ахърэтым щызэIущIэжыну зэрыщыгугъыр.

Ар дунейм ехыжа нэужь, цIыху куэдым къыджаIэжащ ядэIэпыкъуауэ зэрыщытар, гуапагъэ зэрыдалъэгъуар, фIыкIэ ягу къызэринэжар. Хэт унэ кърэтынымкIэ, хэт и щIалэр дзэм дэкIынымкIэ хуэщхьэпат. КIэщIу жыпIэмэ, и IитIыр зэрыщIэртэкъым, и щхьэ щытхъужу, зыгуэрым дэIэпыкъуауэ дунейм къытригъэхьэртэкъым.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Iэминэ,**
*журналист.*

«Адыгэ псалъэ» газетым щыщылэжьа зэманым. *2004 гъэ*

**ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий**

## Анэ

*(Iуэтэж)*

... Жэщыбгщ. Казармэр щымщ. Си напIэр зэтелъми, сыжеифыркъым. ГупсысэкIэ сызэпхоплъыж зэманым, илъэсрэ ныкъуэрэ хуэдизкIэ згъэзэжауэ. Си нэгум щIэтщ спэжыжьэ си къуажэ цIыкIур, абы и уэрамхэм, и унэхэм ящыщ зы...

ЩIалэгъуалэ зыбжанэм агитатор къалэнхэр ди пщэ къыдалъхьауэ, хьэблэ-хьэблэкIэрэ къэткIухьырт: хэхыныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэм, депутату хахынухэм я гугъу тщIырт, хэхакIуэхэм я спискэхэр дгъэтэмэмыжырт...

Уафэм щIэуэным хуэдэу, щиху псыгъуэ закъуэр къызыщхьэщыт унэ плIимэ цIыкIур нэщхъей-нэщхъейуэ къысIуплъащ: пщIантIэм хьэи джэдкъази дэттэкъым. Зи лэчыр текIыжа бжэр, сыщытеуIуэм, кIыргъри, зэIужащ. Iэнкун сыхъуауэ, къесшэлIэжри:

- ХьэщIэ нокIуэ! - сыджащ.

- КъыщIыхьэ, тIасэ, - къэIуащ фызыжь макъ.

СызыщIэбэкъуа пэшыр някъуэкIыфIт, зыхэпщIэуи щIыIэт. Пхъэ гъуэлъыпIэшхуэм ист фызыжь кхъахэ дыдэ, щхьэнтэ щабэшхуэхэр къегъэтIылъэкIауэ, цы Iуданэ гуэрхэр зэрихъэу. УнэлъащIэу пэшым щIэтри а зы гъуэлъыпIэшхуэрат зэрыхъур, шэнтщхьэгуэ зыбжанэм къыщинэмыщIауэ. Пэшхьэкущхьэм шыуан, нэгъуэщI хьэкъущыкъу гуэрхэр тетт, ауэ ахэр зыгуэркIэ къагъэсэбэпу зэрыпщIэн щыIэтэкъым, апхуэдизкIэ пэшыр бгынэжаифэти.

- Сыагитаторщ, нанэ, - жысIащ сэ, гъунэгъуу щыт шэнтщхьэгуэмкIэ сыкIуэурэ.

- Хъарзынэщ, тIасэ, тхьэм фIыкIэ зэрыуигъэхьэ уи къулыкъур. Къеблагъэ. TIыс.

ГъуэлъыпIэм пэгъунэгъуу сыщетIысэхащ.

- Ухэлъ хуэди-тIэ...

- Сыт мыгъуэр тщIэн, жьы дыхъуащ...

Iуданэ зэрыхъэр и куэщIым ирилъхьэри, и напщIэр хишу дакъикъэ хуэдэкIэ къызэплъащ, бжьыхьэ пщIащэм хуэдэу гъуэжь хъуа и нэкIум иIэ лэдэххэм, кууэ итIысхьэжа и нэхэм нэщхъыфIагъэ мащIэ къащIыхьауэ:

- Хэтхэ уарей, тIасэ? - къызэупщIащ.

- Нэзрэн Хьэмид срикъуэщ, - жысIащ, къызэрызэджэр Лиуанщ.

Фызыжьыр мащIэу хэщэтыкIри, кIыхьу хэщэIукIащ.

- А-а-а, си Лиуан цIыкIу мыгъуэ, дэнэ гущэм ущыхэту пIэрэ?..

Жьы къыкъуэуам щхьэгъубжэIупIэр Iуидзри, пэшыр зытIэкIукIэ нэхъ нэху къэхъуащ, ауэ а нэхугъэ мащIэри щIэх дыдэу хэгъуэщэжащ - пшапэр зэхэуэрт.

Нанэм сеупщIащ и цIэ-унэцIэмкIэ, зэрыхъуа илъэс бжыгъэмкIэ. Жэуапми сыпигъэплъакъым:

- Агънокъуэ Марусэ жыхуаIэр сэращ, тIасэ. Илъэс Iэджи сыхъуащ, тхьэм ещIэ абы и пэжыпIэр... Илъэс тIощIым щIигъуащи, уи цIэджэгъум къигъэзэжыркъым... Бзэха мыгъуэщ.

Марусэ и гугъу къысхуищIыжащ и щхьэгъусэр фин зауэм зэрыхэкIуэдам. И къуэ Лиуан, дахэ-дахэу школым щеджакъым, къафIыщIэкIыжри, зыкъомрэ, жылэр игъэгузавэу, къуейщIейхэм, бзаджащIэхэм яхэтащ.

Илъэс тIощI япэкIэ зэуэзэпсэу къуажэм дэбзэхыкIащ. И анэми, и Iыхьлыхэми зы псалъэ яжриIакъым. Зы письмо закъуэщ къитхар (ари зы илъэскIэ хъыбарынша нэужь). Абыи псалъитI-щыт итыр: «Умыгузавэ, къулей сыхъуауэ сынэкIуэжынщ».

- Сыт мыгъуэкIэ сыхуейт сэ абы и къулеягъэм?.. Си закъуэ дыдэу сыкъигъэнащ... Хэт сыщIэзылъхьэжынур?..

Сэ сыкъэпIейтеящ: «И щхьэ мыгъуагъэ хуезгъэхьыжу, и хъыбарыр нэхъри тезгъэуэндэгъуауэ пIэрэ? Сы-Лиуануи щхьэ жесIат?»

- Хьэуэ, Марусэ, - жысIащ, щымыгъэ гуемыIур зэпызудри. - Дэ зэи уи закъуэ дыдэ утщIынкъым... ДыкъэкIуэнкъэ!.. Мыдэ къызжеIэт нэхъ узыхуэныкъуэхэр...

Кууэ итIысхьэжа и нэ утхъуахэр нэпсым игъэщIытащ, «фIыгъуэр къыпхуищIэ, сыт сыхуеиж сэ», жиIэри, и щхьэр хуэм дыдэу игъэсысащ.

Хэхыныгъэхэм я гугъу хуэсщIыну сыхунэсакъым. Iэуэлъауэшхуэ ищIу бжэр къызэIуидзри, пощтзехьэ Исуфышхуэ къыщIыхьащ.

- Къащтэ гуфIапщIэ, Марусэ! - макъыхъуу жиIащ абы, и пащIэкIэхэр гуфIэгъуэм хагъэлъэтри. - Уи Лиуаныр дунейм къытехьэжащ!..

И куафэм кIэрылъ сумкэшхуэм къыдипхъуэтри, письмо щIыху плIимэ нанэм и пащхьэм щигъэсысащ:

- Къытехьи къафэ иджыпсту!..

Марусэ, сыну жам ещхьу, зыри жимыIэу заулкIэ щысащ, итIанэ, и щхьэр и IитIымкIи иубыдыжри, и напэ псор зыщIэзыубыда лэдэххэр нэхъыбэж хъуа къыпфIэщIу, Iущэщащ:

- Къеджэт, тIасэ! Сыт хуэдиз щIауэ сыпэплъэрэ сэ а тхылъымпIэ кIапэм.

Исуфышхуэ напIэзыпIэм письмор зэтриудри, къыдипхъуэта тхылъымпIэ напэм къеджэу щIидзащ:

«Сэламым и ужькIэ сыпсэущ, солажьэ, иджыри къэс зыгуэрурэ дыкъекIуэкIами, дяпэкIэ си гъуэгур зэIуха хъуащи, умыгузавэ, дянэ, ди мурадщ дынэкIуэжыну. Си щхьэгъусэри, си бынитIри сщIыгъунущ. Ауэ, дянэ, IэнэщI дыдэу дынэмыкIуэжын щхьэкIэ, зы тIэкIурэ дылэжьэжмэ нэхъ тфIэкъабылщи, къэнэжа мащIэм щхьэкIэ умыпIэщIэж...»

- ЖиIэр сыт зищIысыр?! - къыхэкIиикIащ фызыжьыр, и макъыр псыгъуэ дыдэ къэхъуауэ. - Зы махуэ, зы сыхьэт зумыIэжьэж... УфIэмащIэ укъызэрытар?!. УфIэмащIэ илъэс тIощIым щIигъур?!..

Тхыгъэм адэкIэ къеджэ Исуфышхуэ и псалъэхэр зэпиуду нанэр пыхьэрт, шхыдэрт, лъаIуэрт, нэпсхэри мыувыIэжу къыфIыщIэжырт.

Письмом къеджэн иухщ, тхылъымпIэр сэ къысIэщIилъхьэри, «ГуфIэгъуэ кIыхь ухъу...» - хъуахъуэурэ, Исуфышхуэ бжэм хуиунэтIыжащ.

- Модэ Къанщауэхи яхуэсхьыжын хуейщ мыпхуэдэ письмо...

- Ааа, си щIалэ цIыкIу, зэ догуэт... ГуфIапщIэр!..

- Ухэмыт, аууей! - щIэбзэхыкIыжащ пощтзехьэр.

- Си псэм ищIат, пщIыхьэпIэу слъэгъуат, угъурлыуэ укъэкIуат, - бзэрабзэрт фызыжьыр, и IэлъэщI Iувыр зришэкIауэ къэтэджурэ. - Си псэр зышхын цIыкIу, тIысыт, къысхуеджэт иджыри!..

Письмом и кIэм сынэблэгъауэ, бжэм макъ ирамыгъэщIу, фызыжьитI къыщIыхьащ. «ГуфIэгъуэ кIыхь ухъу...» - хъуахъуэурэ Марусэ IэплIэ хуащIри шэнтщхьэгуэхэм тетIысхьащ. Фызыжьхэм кIэщIу я ужь итт уэс дадэм ещхьу зи жьакIэхур зи бгъэгум къытелъ лIыжь лъахъшэ цIыкIу.

- ХъыбарыфI зэхэсхащ, - жиIащ абы, и цей къуапэ ижьыр дрихьейуэрэ гъуэлъыпIэ кIапэм тетIысхьэри. - Сыт къатхыр?..

Письмом щIэрыщIэу сыкъеджэу щыщIэздзэм, псори щым хъуащ. Я щхьэхэр щIаупскIэу яфIэгъэщIэгъуэну къызэдаIуэхэрт. Ауэ «IэнэщI дыдэу дынэмыкIуэжын щхьэкIэ» жыхуиIэ псалъэхэм сызэрынэсу, мыарэзыуэ фызыжьхэр зэIущэщащ, тIэкIутIэкIуурэ я макъым зрагъэIэтащ:

- КърекIуэж псынщIэу, зыхэмытын хэмыту!..

- КъэкIуэжынщ, на...

- Хуэтхын хуейщ, къепIэщIэкIыну... Иджыпсту дывгъэтх...

- Махуэ зытхухкIэ къэкIуэжыну пIэрэ?..

- КъэмыкIуэжу ддэрэ?! - и башыр тригъэуащ лIыжь жьакIэхуми.

- Уи насыпым къигъэзэжащ, Марусэ, гуфIэгъуэшхуэщ...

Зыгуэрым уэздыгъэр пигъэнащ. АпхуэдизкIэ пэшыр нэху къэхъуати, гуфIэгъуэм зэщIищта нэкIухэри нуру блэ къыпфIэщIырт. Къэгумэхауэ, зэми гуфIэу зэми пыхьэу, Марусэ письмор и нэм хуихьырт, и бгъафэм щIикъуэзэрт, зэпиплъыхьырт. Куэдрэ къытригъэзэжурэ хъуахъуэрт:

- Си гъунэгъухэращ дамэуи псэуи фызиIэр, сIуэтэжыхукIэ сызыгъэпсэуар, си лъэнкIапIэр щIэзымыгъэхуар... ФIыгъуэм щымыщIэнхэ, си псэр щхьэузыхь зыхуэхъунхэ, къурмэн сызыхуэхъунхэ...

* * *

... Жэщыбгщ. Казармэр даущыншэщ. Си напIэр зэтелъми, сыжеифкъым. Си гум къопIэстхъ, иужьрейуэ дыдейхэм къысхуатха письмом ит псалъэхэр: «Агънокъуэ Лиуан и унагъуэр, икIэм-икIэжым, къэсыжащ. Бетэмал, къэгувэIуащ. Зы мазэ хуэдэкIэ нэхъ пасэу къежьэжатэмэ, Марусэ тхьэмыщкIэр псэууэ кърихьэлIэжынут...»

Илъэситым щIигъукIэ пэплъэжащ анэр и къуэм, иужьрей письмор къыIэрыхьа нэужь... Махуэ къэс, и узыншагъэм къыщихьым, зыбжанэрэ куэбжэпэм Iухьэурэ, уэрамым ирипплъэрт, Лиуан епсалъэрт, еубзэрт, елъэIурт къэпIэщIэну.

Письмо Iэджэ иригъэжьащ, зым нэхърэ адрейр нэхъ угъурлы хъуну щыгугъыурэ, еджакIуэ куэдым Iуэхутхьэбзэ къаригъэщIащ, сэр дыдэми тIэунейрэ письмо сигъэтхащ...

Хэт ищIэн апхуэдизу Лиуан къэзылъэхъар? Письмо Iэрыхьэхэм я лъэIур щыхуэмыгъэзащIэми, имыгъэгувэу жэуап къаритыжыну хузэфIэкIыртэкъэ? Къаритыжыни хуеякъэ? Зиущэхужри, къэсыжыхункIэ къитхаIакъым. Абы, дауи, зыхищIакъым темыпыIэжу къежьэ и анэм и гум хьэзабу телъар, гугъапIэу щигъэфIахэр; зыхищIакъым анэхэм я гъащIэр егъэлеяуэ зэрыпсынщIэрыкIуэри...

... МэIэуэлъауэ жьыбгъэр... Е радиом макъамэ гуэр къиту ара? Е, нахуапIэмрэ пщIыхьэпIэмрэ зэхэзэрыхьыжауэ, Шэджэмыпсым и даущ макъыр зэхэсхрэ?..

Хьэуэ, уэрэдщ си гур зыгъэпхъэрыр, акъужь телъыджэу щIылъэм щызеуэр, аузхэри жылагъуэхэри къыдежьууэрэ, уэгум зыщызыIэтыр, дуней псом зыщызыубгъур. Ауэ уэрэдщ...

**«Анэр ухуэдэщ нэм, анэр**
**ухуэдэщ псэм,**
**Анэм уэ пхуэдэ теткъым дунейм...»**

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# Уафэбгъыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

90

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 64 - 65-хэм итщ).*

- Пэжщ Миншакъ жиIэр, - къопсалъэ Мамсырыр.

- Шэрджэсхэ, пэжщ тIуми жыфIар. Зиусхьэн, си жыIэм укъедэIуатэмэ... УмыкIуэ а къоджам и деж. Ар дзыхь зыхуэмыфащэ цIыхущ, - жиIэурэ пщым и нэгум хуиту щIоплъэ Iэта-Ильяс.

- Сыадыгэщ сэ. ЛIы къызэджамэ, псалъэ лей хэмылъу сыдошэсыкI. ИтIанэ, сыщыгъуазэщ а сыздэкIуэм и хьэсэпэ здынэсми. Си зырикIщ ар: жагъуэгъукъым, жэрэгъукъым... «Узыхуейр сыт?» - жесIэну сэри къыстохуэ, - кIэмыргуеипщыр шу гупым мамыру яхоплъэри, пыгуфIыкIыурэ мэгушыIэ:

- Дауэ феплъырэ: «Шуудзэм фримащIэщ, шугъусэм фрикуэдщ» къывжимыIэну пIэрэ Iэлигъуэтпэщэм?

Шу гупыр къигурыгукIыу зэщIэдыхьэшхэри, апхуэдэ нэжэгужагъэм псори иджы нэхъ IэтIэлъатIэу дэгуфIэжат.

КIэмыргуейхэм я пщыр, пщIэ хуащIым и мызакъуэу, псэкIэ фIыуэ ялъагъурт. Зэрыпщым и хьэтыртэкъым ар къызыхэкIыр. ЦIыхухэм ягу дыхьэрт Бэлэтокъуэм и Iуэху зехьэкIэр, и цIыхугъэ къабзэр. Хьэуэ, кIэмыргуеипщыр жагъуэгъуншэтэкъым, хэбгъэзыхьмэ, емышыжу къыхущIэуэхэри и мащIэтэкъым. Апхуэдэ лIы зэIузэпэщым бий имыIэнур, дауи, щхьэгъэпцIэжт: «Алъпым дыгъужь хуэлъэщ» жиIатэкъэ пасэрей Iущым! Бэлэтокъуэм дежтэкъым ар щаублар, щаухыжынури ар щыпсэу гъащIэртэкъым. ЦIыху гъуабжэлъабжэм щыуагъэ бжьыгъэр зэи къытещыркъым: хозэрыхь и гъуабжэ бжыгъафэм. Ауэ щыхъукIи, кIэмыргуеипщым ещхь цIыху щыпкъэ нэIурытым щыуагъэ щыIэщIэщIэр - уэрэдрэ Iуданэу жагъуэгъухэм ирахьэжьэ. Ар цIыхум дапщэщи хабзэжьу къыдокIуэкI. ИтIани, а яуIужыну зыхуэхьэзыр мащIэхэм зэрахьэ фIырщ мы дунейр мыбгъунлъэу зэтезыIыгъэр.

КIэмыргуеипщыр дагъуэншэкъым, ауэ зи акъыл зэтес адыгэлIщи, щыуэу щыхэбжьахъуэ къэхъуми, зэригъэзэхуэжыну йолIалIэ. Пэжщ, жыIэзыфIэщщ ар. И дзыхь къэзымылэжьхэр щызригъэуасэри мащIэкъым. Бэлэтокъуэр тхьэусыхакIуэ къыхуэкIуэ дэтхэнэми гупсэхуу щIодэIу, зэпэщIэтыныгъэхэр цIыхугъэ дахэкIэ иубзыхуну хэтщ, ауэ къыщемыхъулIэхэри Iэджэрэ къохъу. КIэмыргуейхэм я пщыр фIыуэ яцIыхуж: къыпщIэдэIурэ пэт, Болэт и щхьэр ищIрэ, лъагэу иIэтыжамэ, игу зэбгъэбгъауэ арщи, пхуэфащэ жэуапри нехьэкI-къехьэкI хэмылъу къыптегъуэгъуэнущ! Жьэнахуэщ Бэлэтокъуэр.

... ПцIэгъуэплъыр хэущыкIыу макIуэ. КIэмыргуейхэм я пщыр мэгупсысэ. Иджыпсту абы зэрегъэзахуэ цIыху ерыщхэр щытепщэ дунеймрэ апхуэдэ дунейр зэрызэтет хабзэхэмрэ. «Мис езыр хущIокъу зыщхьэщыт лъэпкъым адэ палъэ захуищIыну. ПэжкIэ убгъэдыхьэмэ, а къалэныр зыхьын хуейр ефэндырат, ауэ абыи езым и «ефэнды унафэщIхэр» къыщхьэщытыжщи, зыр - КIэмыргуейм, етIуанэр - Бахъшысэрей, ещанэр - Истамбыл щыIэу, абыхэм зэрахьэхэр емынэми хузэхэхужынкъым. Жэмыхьэтым и Iуэху дахэу дагъэкIыным и пIэкIэ, Абрэдж гуэрхэм, Iэлигъуэт-пэщэ мыцIыхухэм, къырым хъан фейдэхуэлIэхэм, тырку сультIан гъаблэгущтэхэм зэпеуэжу ефэндыхэр къахуоудж. Батыр ефэндыми, щыджэлэнкIэ хъуну здыхуигъэфащэхэм деж упщIэ иубгъуурэ Абрэдж Мырзэбэч игъэныбжьэгъу нэпцI зещI. Пэжращи, Батыр зэлIалIэр - Мырзэбэч Iэлигъуэт иIыгъ къулыкъур лъагъэс хъужыкъуэмэ, ефэндым дагъуэ гуэр гукъанэу кърримыIуэкIыжынырщ. АрщхьэкIэ, пэщэ ухъуну ущIэхъуэпс къудейкIэ Iуэхур зэфIэкIрэ?!

Мырзэбэч пэщэ ящIын щхьэкIэ, пщэуэ езыр щытын хуейщ! Къырым хъанхэм я зэхэтыкIэр-щэ? Абы я Iуэхухэри зэхэвынэ-зэдэвынейщ: зыр тахътэм тотIысхьэ, адрейр традз. Трамыдзыфыр е яукI, е щхъухьпсыхь гынкIэ Iуах... Къэбэрдейр Къырымым сыткIэ къыщхьэщыкIыу пIэрэ? Ахэр зэрошхыжыпэ: псори Iущщ, губзыгъэщ, псоми лIыгъэ яхэлъщи, махуэ къэс пщы уэлий зэдэгъажэ ящI. Къатежар пIалъэкIэ пщы уэлий мэхъури, аргуэру зэрышхын щIадзэж... Си щхьэм къысхуигъэтIасэркъым, дауэ иджы ХьэтIохъущокъуэпщыр къырымыдзэм зэрыпэлъэщынур? Мис арат зыр зым ауан ищIу дызэхэмысу, зы адыгэ къэралыгъуэ зэкъуэту дызэкъуэувэн щIыхуейр! Иджы мес, я щхьэм зауэр нэсати, «Маржэ!» жаIэу къэбэрдейхэр къыдэуващ. Къагубзыгъыжащ иджы зы лIакъуэу дыкъызэригъэщIар!..»

- Мес Сарайхьэлъкъ...- къызыфIимыгъэIуэхуу къопсалъэ Iэта-Ильяси, нэщхъейуэ: - Ее-ей, си нэгъуеегъухэм, дауи, ящыгъупщэжащ хьэщIэ зэрырагъэблагъэм и хабзэ дахэр...

- Сыт щхьэкIэ? Къэрым тэтэру дэри дакъыхуэкIуатэмэ, зэуэзэпсэу къащIэжынут а хабзэхэр, - жеIэри, Нэкъар мэдыхьэшхыпэ: - Сыт хуэдэ хьэщIэгъуэ уэ зи гугъу пщIыр, нэгъуей?! Дэ, зиусхьэным и жыIауэ, шуудзэ хуэдиз дохъу...

Ашабэр Нэкъар жиIам дыпыгуфIыкIащ, ауэ Бэлэтокъуэр а къыщежьэм жиIауэ щытам иджы хущIегъуэжауэ:

- Гупышхуэу дыкъыщыкIуаи къэхъуащ нэхъапэхэм.

- Мы нэгъуейм дзыхь хуэпщIрэ? - Миншакъ Мамсырым йоIущащэ.

- Иджыпсту хузощI, - щэхуу педзыж абы Нэкъар, - ауэ и лъэпкъэгъухэм дахыхьэмэ, къызэрытхущIэкI тлъагъункъэ... Сытыт укъыщIызэупщIыр? Иджы ипэкIи зэ къызэптат а упщIэр... ЛIо, зыгуэр дэпщIэрэ мыбы?

- Мы дунейм куэдыщэми дзыхь щахуэпщI хъунукъым, - нэщхъейуэ педзыж Ашабэми, - хэт ищIэрэ цIыхум игу илъыр? Зэхэсхар пэжу щытмэ, Абрэджыр яхэтащ Iэта-Ильяс лей езыхыу зыгъэпудахэм. НэгъуэщIуи укъеплъ мэхъу а Iуэхум... - подыхьэшхыкI аргуэру Миншакъ. - Налмэсрэ Сурэтрэ я пщащэ къабзагъэм цIыхухъунэ зэрытемыплъамкIэ мы нэгъуейр щыхьэт пэжщ. Мис ар си щхьэкIэ нэхъ сфIэкъабылщ!

Шухэр Сарайхьэлъкъ дыхьэпIэм екIуэлIащ. Бэлэтокъуэпщым шу гупым иджы закъыхуигъазэри:

- Фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ: кърагъэблэгъар си закъуэщ. Мыбдеж фыкъыщыспэплъэ. Дауэрэ дызэмыпсэлъами, хъыбарыншэ фыхъункъым. Ашабэ Миншакъ гъусэу здызощтэ.

- Зиусхьэн! - гузэвауэ къопсалъэ Iэта-Ильяс, - Мамсырымрэ сэрэ дыздэпшатэмэ нэхъ тэмэмт. Сэри тэрмэш сыпхуэхъунтэкъэ?

Пщыр щыму и пащIэкIэ щIогуфIыкIри, и шыщхьэр Iэлигъуэт пэщэр къыздыпэплъэ СарайхьэлъкъкIэ егъазэ. Абы и ужь йоувэ Ашабэ Миншакъ.

Iэта-Ильяс укIытэжауэ и щхьэр ирихьэхащ. ИщIэртэкъэ абы нэгъуейхэм яхуэзэфIэкIынур! Иджыпсту хуэдэу дапщэщ пщыр хуэныкъуэнт шу гъусэфI? Нэгъуейр къызэрызэфIэзэрыхьам Андемыркъан бейгуэлым гу лъитэри:

- Ди зиусхьэным адыгэбзэри нэгъуеибзэри зэхуэдэу ещIэ. Ар езыгъэблэгъам езым и адэшхуэр адыгэ малъхъэу щытащ.

- И адэшхуэ Iущыр хэту щымытами, а къуэрылъхум хьэщIэ зэрырагъэблагъэм мэскъал хищIыкIыркъым.

- Къэвгъанэ иджы зэдауэр! - къопсалъэ Нэкъари, нэгъуейр лъэныкъуэкIэ Iуеш: - КъыбгурыIуауэ ара Iэлигъуэт-пэщэм Бэлэтокъуэр къыздишар зэрымыхьэщIапIэр?

- Ара? - и нэ зэв цIыкIухэр нэхъри зэву зэхуишэурэ Iэта-Ильяс фэрыщIу жанейм зыкъыпещIыж: - СщIатэкъыми! НтIэ дауэ иджы дызэрыдэIэпыкъунур, зыгуэр къэхъумэ?

БэмпIат хуабжьу нэгъуейр. Гупым яхэкIщ, шым епсыхри, дыгъэм къигъэхуэба удзыпцIэм гуузщIу хэгъуэлъхьащи, шыр зэрыхъуакIуэм кIэлъоплъ. Iэта-Ильяс и гупсысэхэр аргуэру кIуасэрт нэгъуей лъэпкъым и тхыдэм. «Ди хъан щэджащэхэм дуней хъурейр я IэмыщIэ иралъхьэн къафIэщIыжу дыкъыкIуэцIрашурэ мы шэрджэсхэм дыкъыханат. Адыгэхэм езыхэм яйр къаIыпх нэхърэ, уеуэрэ букIмэ нэхъ къащтэ. Ящымыщри (ар дыщэзэрылэми) яфIэIумпэмщ. Адыгэ шэрджэсхэр зэи хьэлыншэкъым. ЦIыхугъи, лIыгъи, псапи къадокIуэкI, арщхьэкIэ сыткIэ ар къахуэщхьэпэрэ, зым и IупщIэр адрейм щIыбагъыу къызэрохьэкI. СагъэцIыхужынкъым сэ адыгэхэр! Дапщэрэ си нэгу щIэкIа я пщэ лъынтхуэхэр къытридзауэ ахэр зэрызэрышхыр... Дапщэрэ слъэгъуа къуэгъэнапIэкIэ лъакъуэпэщIэдз зэрызэхуащIыр - ари сфIэпсэкIуэду сакIэлъыплъу! Дауи ирехъуи, зэи сехъуэпсакъым а адыгэм...»

Уэгум икIэрэхъухь пшэ гуэрэнхэм яхэплъэурэ нэгъуейм зэригъэзахуэрт къырымхэм я зэхэтыкIэр, зэригъапщэрт илъэгъуахэр, зэхихахэр. «Абрэдж Мырзэбэч! Сэ тхьэрыIуэ сщIащ а къызэпха лейр уи щхьэкIэ уэсхыжыну! СощIэ, иджыпсту мо Iэлигъуэт-пэщэр, мо фирхьэун фиблыр дэщIыгъуу къызэрыпкъуэтыр. Батыр ефэндыри фэ фэщхьыркъабзэу напитIщ. Е-е-й, сыныздищтатэми кIэмыргуеипщым! Фэ гуп цIапIэ цIыкIум зывэзгъэщIэжынти, сылIыгъэншэми сынапэншэми цIыхум я нэгу иджы щIэзгъэкIынт!»

... Сарайхьэлъкъ адыгэ жылэхэм емыщхьу зэхэсщ. Мыбы уэрам нэхъыщхьэ иIэкъым. Шэтыр щхьэ папщIэхэр лъэныкъуэ зырызурэ зэбгрыпхъащ. Шэтырхэм япэмыжыжьэу къыщытщ шыфIэдзапIэхэр, абдеж дыдэм щызэтелъщ мэкъу Iэмбатэхэмрэ зэнтхъыр щаIыгъ пхъэбгъу зэгуэIулIахэмрэ. Шы табынхэр чийбжэгъум къыхэщIыкIа Iуэшхуэхэм щаIыгъщ. Мэлхэр итщ Iуэ щхьэхуэ. Унагъуэ къэс я IэщыIуэхэр зэпэщхьэхуэщ.

Жылэм къыщхьэщыт бгым и лъапэхэмрэ нэпкъхэмрэ ярызу Iэщыр щохъуакIуэ - мэлхэр, шыхэр, махъшэхэр. Шэтырхэр е бжэгъукIэ, е чийкIэ, е мывэкIэ къэхухьакъым. УщIауэ тафэм тетщ ахэр. Джэдэщу, е нэгъуэщI къуэдзапIэ хуэдэу зы ухуэныгъэ гуэр абыхэм къабгъэдэткъым: джэдкъаз зэрызэрамыхуэр нэрылъагъущ. Шэтыр бжэIупэхэм зыр нэхъ ину, адрейр нэхъ цIыкIуу, уарцэ хьэгъажэхэр щызэтелъщ. Ар нэгъуейхэм пхъэм и пIэкIэ къагъэсэбэп гъэсыныпхъэщ. Пхъэщхьэмыщхьэ жыг и гугъу умыщIыххи, сыт хуэдэуи зы жыг лIэужьыгъуэ хасэркъым нэгъуейхэм. Гъэмахуэ цIывыгъуэм жьауапIэу зыщIэбдзэну зы къудамэ щхъуантIэ хъуреягъым ущрихьэлIэркъым.

- Нэгъуейр, зиусхьэн, дэнэ щымытIысами, нэгъуейуэ къонэж, - игъэщIагъуэу зеплъыхь Миншакъ.

- Ар сыту, хьэщIэ? - щIэупщIэ хуэдэу зещI Бэлэтокъуэпщым, Миншакъ зи гугъу ищIыр фIы дыдэу къыгурыIуэ пэтми.

- Тедзэщ Iэпхъуэшапхъуэм и псэукIэщ. ЗыIэзыбжьэу защтэу гъуэгу зэрытехьэжынум теухуащ я зэхэсыкIэр.

- Беслъэнейхэм я жыIауэ, - мэдыхьэшх кIэмыргуеипщыр, - я уарцэ Iугъуэр ди нэхэм къыщIэбжьэми, ирепсэу, зыхуэдгъэшэчынщ. Я къырым лъэпкъэгъухэм якъуэлъадэурэ къыдэмызэуэж закъуэмэ, я гугъу тщIыркъым. А фи Шэрэджыщхьэ къитIысхьа хьэблэ цIыкIуитхур - къырым тэтэрхэм я къуэшхэрщ зи гугъу сщIыр - дауэрэ иджыпсту къыфхэзагъэрэ?

- ДызэлъэIэскъым абыхэмрэ дэрэ. Нэхъапэхэми бжесIати, япэрауэ, мащIэ дыдэщ я бжыгъэкIэ, итIанэ, мывэ жьэгъухэм щIэсщи, щIрырес, - мэщатэ Ашабэр.

- Ибэгъухьынщи, къыздикIари ящыгъупщэжауэ къэбэрдеищIыр къыфпаубыдыжынщ, - мыарэзыуэ и нэщхъыр къызэхоуэ кIэмыргуеипщым.

- КъэбэрдеищIыр бегъымбар щIакхъуэкъым, дэнэкIэ къэрахуа хьэхэбасэми хупачу. КъыздикIам къыщрелъыхъуэж щхьэж и щIы Iыхьэ! - къыщетхъыпэ иджы Ашабэр.

- Сэ зи гугъу сщIыр, хьэщIэ... Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ дызыщIихъумэну хэтар къытпемыкIуэкIыжыну пIэрэ, жыхуэсIэщ, - лъей лъапщэм къамышыр дигъэзэгъэжурэ зеплъыхь Бэлэтокъуэм.

- Зиусхьэн, Щоджэныкъуэм, «Дапщэщми зэгуэр къэбэрдейхэр я IэфракIэпэм едзэкъэжынущ тэтэрхэр къуршым къызэрырагъэхьам папщIэ...» щыжиIаращ, дауи, иджыпсту а къыдэпIуэкIыр?

- Ардыдэщ, Миншакъ, - и щхьэр ещI пщым.

- УлъэмыIэсмэ, едзэкъэжи пэт, - псалъэмакъыр и псэм къызэрытехьэлъэр нэрылъагъуу, Ашабэм и нэгур нэхъри зэхоуэ.

Сарайхьэлъкъ адэжкIэ, Псыжь Iуфэ нэхъ пэгъунэгъуу, зэхэтт шэтырышхуэ зыбжанэ. Ахэрат Iэлигъуэт-пэщэм и хэщIапIэр.

Бэлэтокъуэмрэ Ашабэмрэ шыфIэдзапIэм ирахулIэри епсыхахэщ. ШыфIэдзапIэр нэщIтэкъым. ГурыIуэгъуэт Iэлигъуэт-пэщэм зэримызакъуэр. Шэтыр щIыхьэпIэр Iэщэ якIэрылъу зыхъумэ лIитIыр кIэмыргуеипщымрэ Миншакърэ япэ къиувэри ирашэжьащ.

Iэлигъуэт-пэщэм и псэупIэр зэрызэлъыIухам укъимыгъэуIэбжьынкIэ Iэмал щыIэтэкъым: алэрыбгъухэм къахэплъ шэнтиуэ щабэхэмрэ Iэнэ хъуреишхуэмрэ жыхафэм и щIэлъэныкъуэр яубыдырт. Тебзэхэри, тепхъуэхэри, хьэпшып цIыкIуфэкIухэри нэм къеуэу щхъуэкIэплъыкIэ цIугъэнэт. Миншакъ къыщыхьа дыхьэшхыныр ишыIэурэ: «Делэ къуэлэн и щIасэщ» жыхуаIэр мыпхуэдэу къыщIэкIынщ!», - жыхуиIэу зиплъыхьырт. Бысымыр къазэрыпэплъэм шэч хэлътэкъым: Iэнэшхуэм тетт пхъэ фалъэ цIыкIухэмрэ кхъуэщынхэмрэ.

Лъэныкъуэегъэзу къыщыт шэнт лъакъуэ лъагэм къытест лIы нэзэв къамылыфэ. Къэптал хуитышхуэми щIиуфэртэкъым а лIым Iуву телъ щэл хьэрэмыр. ЛIым и натIэ лъахъшэр упщIэ пыIэ хъурей цIыкIум нэхъри лъахъшэ щIэхъукIырт. Бэлэтокъуэпщым, дауи, игъэщIэгъуакъым Мырзэбэчрэ Батыр ефэндымрэ Iэлигъуэт-пэщэм и шэтырым къазэрыщыпэплъэр. ИтIани, зи нэ зыгъэдыкъыу къыпэщыс бзэгузэхьитIым щаIуплъэм, кIэмыргуеипщыр зэгуэпурэ егупсысащ: «Мыхэри сыткIэ къыщыщт ди псалъэмакъым?»

Iэлигъуэт-пэщэм беслъэней псэлъэкIэ зищIурэ:

- Зиусхьэн. КIэмыргуей ефэндымрэ Мырзэбэчрэ уэдгъэцIыхужын хуейуэ къыщIэкIынкъым, ауэ гуапэ тщыхъунт уи лIы гъусэр дыбгъэцIыхутэмэ...

- Си гъусэр, пэщэ, Къэбэрдейм ис лъэпкъылI цIэрыIуэхэм язщ, Ашабэ уэркъхэм къахэкIащ, Миншакъщ и цIэр.

- Зэ догуэт, зиусхьэн! А... Миншакъра? - къырым хъаным и лIыкIуэр фIыуэ щыгъуазэт Менлы-Джэрийрэ Ашабэмрэ яку зэгуэр къыдэхъуа зэпэщIэтыныгъэм. Щыгъуазэт Миншакъ и щхьэгъусэм Актай нэдазэкIэ зэрытрамыгъэплъами. - Уэллэхьи-биллэхьи, си гуапэкIэ, Ашабэ, зиусхьэн Бэлэтокъуэр бысым уэ зэрыпхуэхъуар! Нэхъ гуапэжырщи - уи щхьэкIэ укъызэрысцIыхуар...

Абрэджым игу ирихьакъым Iэлигъуэт-пэщэмрэ хьэщIэмрэ я псалъэ ехьэжьэкIэр. Мырзэбэч бампIэм къызэщитхъыурэ:

- КъыджеIэт, Бэлэтокъуэ, жаней абрэджымрэ абы гъусэу здищта нэгъуеймрэ Жанейм кIуэрэ хьэмэрэ къикIыжрэ? Сыт хэпщIыкIрэ а тIур жанейхэм щIакIэлъыкIуам? А уи унэм егъэблэгъа бзылъхугъэхэри хэт хъуну! Сыт щхьэкIэ къыщыувыIауэ пIэрэ ахэр уи деж? Си къуэр къыщIызэщIэбгъэстри къызыхэкIар сыт?

Щэн IэдэбкIэ адыгэхэм зи цIэ ятеIуа кIэмыргуеипщыр нэщхъей ешауэ и пащIэкIэ щIогуфIыкI:

- УпщIэ куэдыщэ къысхуэзэтебухъуанщIэрэ, Абрэдж и къуэ, ауэ щыхъукIи, языхэзым и жэуапри уимыхамэу! Пэж жысIэр?

- Сэращ иджыпсту щIэупщIэр, Бэлэтокъуэ! УлIмэ, жэуап къызэптынщ.

Иджыри къэс псалъитI я щхьэ зэтезымыча Батыр ефэндыр гузавэри зэкIэлъигъэпIащIэурэ:

- Мырзэбэч, Алыхьым и пащхьэ зыщыщIыIэ!

- СумыущиижыI иджы! - хокIиикI Мырзэбэч. - ДызэгурыIуатэкъэ си псалъэмакъым укъыхэмыIэбэну?

Абрэджыр къызэрытехьам гу лъитауэ Iэлигъуэт-пэщэм и нэхэр щIеукъуанцIэри, зэдауэр гушыIэм хуигъэкIуэжын и мураду:

- Уа, шэрджэсхэ, сыт иджы къыфхэхъыжьар! Мыхъуми, Къэбэрдей къикIа хьэщIэхэмкIэ тIэкIу фыплъэ! Миншакъ, дауэрэ фыпсэурэ-тIэ къэбэрдейхэр?! ХьэтIохъущокъуэпщым сыт и узыншагъэ? Мыдэ, IуэрыIуэтэжу зэхэтхащ абы и хъыбар...

ЗэкIэлъигъэпIащIэу Миншакъ ирита упщIэ зэщымыщхъухэм я жэуап хуэныкъуэххэтэкъым Iэлигъуэт-пэщэр. Къэбэрдей хьэщIэм хущIэплъурэ: «Аджыдэ мыгъуэ! Зы махуэ нэхъ мыхъуми, Чынгыз, е Батий хуэдэ зы дзэпщ диIэжатэми! ЗэщIэтпхъэнкIэнт адыгэ щхьэзыфIэфIхэм фи лIыгъэр! Пэжщ, тырку сультIанымрэ къырым хъанымрэ зыкIи нэхъ тIасхъэкъым я адэшхуэжьхэм нэхърэ... Флъагъункъэ, тлъагъункъэ мазитI-щы дэкIмэ, фызэрызепщыпщэр!»

Батыр ефэндымрэ Iэлигъуэт-пэщэмрэ я псэ зэрыщIэ нэхъей, ислъам диныр зыIыгъым и фарзхэмкIэ псалъэмакъыр зэуэзэпсэу яIуэнтIэжри:

- Нобэ, Батыр, нэщI мазэ лъапIэм и япэ махуэщ. Дэ щэращ тщIащ, хэщхьэж пщIондэ нет тIыгъщ, ауэ ди кIэмыргуейхэм нэщI ямыIыгъынри хэлъщ... НэщI дикIыжмэ, махуищкIэ Хьидыр дгъэлъэпIэнущ, Алыхьышхуэм къызэрытхуиухам дытету. Фэ-щэ?

- НтIэ, Алыхьу пэжым апхуэдэу иухащ. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэну Къурмэнри махуищу лъапIэщ, - игу къызэрыгъуэтыжыпауэ къыIурощэщ Батыр ефэндым.

- Алыхьу лъапIэм къыдигъэхъулIэ ди гурылъхэм я нэхъыфIыр. Алыхьу лъэщым и нэфIыр муслъымэнхэм къытщыхуи, ди нэщIи нэмэзи къабылу тIих, - дихьэхыпауэ мэлъаIуэ иджыри Iэлигъуэт-пэщэр. ТхьэлъэIум мащIэу кIэлъочэнджэщэжри: - Иджы, зиусхьэн, кIыхьлIыхь зезмыгъэщIу, укъыщIезгъэблэгъар пхуэсIуэтэнщ. Ашабэ уэркъри ди зэпсалъэм щыхьэту къыщIредзIу. Абрэдж Мырзэбэч и къуэ Даур... (Iэлигъуэт-пэщэм и псалъэр зэпегъэури, бзэгупэм къытехьа: «Къэбэрдей фэрыщIхэм КIэмыргуей зыфIащар» жыIэгъуэр Миншакъ фIэлIыкIауэ ирекъухыж).

***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***

**Литераторхэм я унэу Москва дэтым Шолохов Михаил и пхъум щыIущIащ.** *1996 гъэ*



*Сурэтыр* **ПэтIуащIэ Феликс** *ищIащ.*

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● **ДифI догъэлъапIэ**

# Утыкум къыхуигъэщIа

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист, Ингуш республикэм щIыхь зиIэ и артист, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я артиадэм и лауреат Зеущэ Iэуес и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 55-рэ ирикъуащ.**

ЗЕУЩЭР Бахъсэн щыналъэм хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм 1965 гъэм къыщалъхуащ. И цIыкIуцхьэм щегъэжьауэ Зеущэм дальэгъурт артист къызэрыхэкIынур. Iэуес и сабиигъуэм ирихьэлIэу нэхъ цIэрыIуэу, макъ лъэщ игъэIуу утыкум ита Магомаев Муслим, Тут Заур, Лещенкэ Лев, Мэремыкъуэ Хъусен сымэ радиомкIэ зэхихмэ, телевизормкIэ едаIуэмэ, ядежьурт, запищIыжырт. Апхуэдэурэ цIыкIу щIыкIэ и макъыр ипсыхьырт щIалэ гурыхуэм.

ЩIалэ цIыкIум и хэлъэтым, дауи, гу къылъитащ и егъэджакIуэ ПщыхьэщIэ Риммэ икIи абы Iэуес и адэ-анэм чэнджэщ къаритащ пасэу щIадзэу сабийр макъамэм нэхъри драгъэхьэхыну, абы нэхъ тегъэщIауэ ирагъэджэну. ЕгъэджакIуэм къыгурыIуат и еджакIуэ цIыкIум и макъыр лъэщу зэригъэIуфынур. А зэманым макъамэм тегъэщIауэ щрагъаджэу Бахъсэн дэта еджапIэ-интернатым Iэуес щагъэкIуам илъэситI классыр къиухауэ арат. А школым ущIэтIысхьэн папщIэ, уи зэфIэкI бгъэлъэгъуэн, зэпеуэ упхыкIын хуейти, Iэуес ари къызэринэкIри, къамылапщэхэм я гупым хагъэхьащ. ЗдэкIуами и егъэджакIуэхэм гу къылъатащ, ягу дыхьащ. Куэдрэ хэтт макъамэмкIэ екIуэкI зэпеуэ зэхуэмыдэхэм, текIуэныгъэ е ехъулIэныгъэ зыIэримыгъэхьауи зэи къахэкIыжыртэкъым.

1980 - 1984 гъэхэм РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист Шэрий Иринэ вокалымкIэ къыдэлэжьащ Зеущэм. А зэманым макъамэмкIэ еджапIэм Зеущэ Iэуес ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ, щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, макъамэм и щэхухэм зыщигъэгъуэзащ.

Зыхэт Iуэхум дихьэх, зи гуи зи пси ета щIалэр макъамэм, уэрэд жыIэным ухуезыгъасэ дерс щхьэхуэхэм еджапIэ нэужьым кIуэрт. Апхуэдэ дерс щхьэхуэхэм къыщыдэлэжьауэ фIыкIэ абы и гум къинэжахэм яхыщщ егъэджакIуэ Iэзэ Ван Нам Низен.

1984 гъэм Зеущэ Iэуес щIэтIысхьащ Саратов дэт къэрал консерваторэм, Собинов Леонид и цIэр зезыхьэм. Ещанэ курсыр къиухауэ армэм дашащ. Къулыкъу щрихьэкIа Приволжскэ дзэм уэрэдымрэ макъамэмкIэ и ансамблым и солисту хахауэ щытащ.

Къулыкъур къиуха нэужь, Саратов и еджапIэм игъэзэжащ Iэуес икIи дирижёр IэщIагъэм зыхуигъэсащ.

1991 гъэм Зеущэ Iэуес КъБР-м къэкIуэжащ. Мыгувэу ар Шэджэм къалэм ЩэнхабзэмкIэ и уардэунэм и «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым и художественнэ унафэщI хъуащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Зеущэ Iэуес творческэ гъуэгум пасэ дыдэу теуващ, и макъыр екIуу псыхьа щIэхъуам ари и щхьэусыгъуэу къыщIэкIынущ.

Зэпымыууэ Iуэху дахэхэм хэтщ Зеущэр икIи зыхыхьэр щIэщыгъуэ ещI. 2002 гъэм Франджым къыщызэрагъэпэща «Дунейпсо щэнхабзэ» фестивалым, 2003 гъэм Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я артиадэм я лауреат хъуащ.

2004 гъэм Зеущэ Iэуес «Уэ уи махуэщ нобэ» зыфIища альбомыр къыдигъэкIащ. 2009 гъэм абы къратащ Кавказым щекIуэкI макъамэ «Дыщэ микрофон» зэпеуэм и саугъэтыр.

Нобэ Зеущэ Iэуес КъБР-м и цIыхубэ артистщ. Бахъсэн ЩэнхабзэмкIэ и уардэунэм и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ. Къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм екIуу хэтщ, республикэм и пщIэр еIэт. ЕIэт макъ дахэкIи, цIыхугъэкIи, Iуэху бгъэдыхьэкIэкIи.

И макъ гурыхьымкIэ утыкур игъэбжьыфIэрэ къыщалъхуа махуэ куэд узыншэу игъэлъэпIэну Тхьэм жиIэ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Лъэпщокъуэ Хьэжысмел СультIан и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэлэжьакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытххахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытынкъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI (12+)
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1108